

MINAMATO YEMAZUVA ESE

CHINYORWA

3

Chikunguru, Nyamavhuvhu, Gunyana

2023

# Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

**MAHARA**  
KWETE KUTENGESWA

ISI SHUKU KATOBHADHARISWA  
NEVATAKABATANA NAYO SAKA  
RINOOGONA KUGOVERWA MAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZYAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOBVA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

*Uebert & BeBe*  
**ANGEL**



## UEBERT NA BEBE ANGEL

Uebert neBebe Angel, vashumiri veshoko raMwari vanenguva yakareba vachiita basa iri uye ndivo varikutungamirira mukufambisa shoko renyasha dza Mwari (Euaggelion) nechiporofita pasi rese. Pahuviri hwavo vakanyora mabhuku akaita mukurumbira anoverengera Spiritual Warfare, Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, nemamwe Uebert ne BeBe Angel vashumiri vanokokwa kumisangano yakawanda pasi rese kuti vazoshumira nekudzidzisa uye vanokosheswa pamusoro pemuono wavo, nekushumira kwavo shoko raMwari vasingatye. Ndivo vakavamba Good News Church (Spirit Embassy) uye semaporofita vashandura hupenyu hwemamiriyoni akawanda evanhu pasi rese, pasi pechirongwa chavo chekutendeutsa vanhu, kuburikidza nekuunza kwavo chizaruro cheNhau Dzakanaka Dzenyasha Dza Mwari (Euaggelion).

**Genesisi 27:7**

**Nditorere mhuka undigadzirire nyama yakanaka kuti ndidye ndikuropafadze pamberi paJehovha ndisati ndafa.**

Muvhesi redu ranhasi tiri kuona kuti Isaka akange achembera, saka inobva yave ziva wega kuti nguva yekuti aropafadze vana vake yakange yakwana. Asi tirikuona kuti asati aropafadza mwana wake, Isaka akakumbira kuti mwana uyu amubikire nyama yemhuka yesango, zvichireva kuti akakumbira kupihwa chimwe chinhu asati apa ropafadzo rake kumwanakomana wake. Izvi zvinopapfungwa yekuti, aah saka mumweya panofanirwa kugamuchidzanwa chimwe chinhu kuti ropafadzo riuye, uye chinofanira kupihwa ichi, chinofanirwa kuva chinhu chinokosheswa neuyo anenge achizopa ropafadzo racho.

Naizvozvo, paunenge uchipa zvegumi, mipiro nekudyara mbeu kuhushumiri, zita rako rinenge richitonyorwa kudenga, izvo zvinokonzeresa kuti uwane mafashamu emakomborero ausati wamboona muhupenyu hwako. Mugore rino rekuona denga pane rino pasi, ziva kuti kunyangwe pachiiita kunge pasina chinenge chaitika, zvinhu zvichiita sezvakanyarara, nyama yemhuka yesango yauchapa ichakureverera. Ukatora matanho ekutsigira hushumiri nepfuma yako unenge uchitopa nyama yemhuka kwahuri, zvekuti uchazongoona maropafadzo ave kugara achinaya pamusoro pehupenyu hwako nezita guru raJesu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakaropafadzwa kuti ndiveropafadzo. Hupenyu hwangu huri kuenderera mberi huchisimukira. Ndichabatirana pamwe chete munyasha nezodzo riri mubasa rehushumiri, uye ndichapupura pamusoro pekunaka kwaMwari kwese kwandinoenda nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Genesisi 27:4

**Johane 10:27**

**Hwai dzangu dzinonzwa izwi rangu, ndinodziziva uye dzinonditevera:**

Nzeve dzako dzinonzwa ruzha kubva kumazwi akawanda anenge achitaura. Asi kunyangwe zvakadaro, Jesu ari kuti Hwai dzangu dzinonzwa izwi rangu. Zvichireva kuti Mwari vanezvavarikutaura, uye vese vachakwanisa kutapa masai sai aMwari, vachanzwa chokwadi chezvavarikutaura, icho chinobatsira nyika dzakawanda. Zvandirikutaura izvi hazvisi zvinhu zvakananzika, nekuti zvakananzika zvinenge zviine vashoma vanenge vachifanirwa kuti vazvize. Mwari vari kutaura nemunhu wese, asi kuti uvanzwe unofanira kutapa kuma sai sai avo nguva dzose.

Ukangokwanisa chete kunzwa zvanenge vachitaura pamusoro pehurongwa hwavo, hupenyu hwako hunobva hwapidiguka. Zvakakosha zvakare kuva nemunhu waMwari muhupenyu hwako uyo anenge achiziva zvinenge zvichitaurwa naMwari pamusoro pako. Panguva apo unonzwa kunge Mwari vanenge vanyarara kutaura pamusoro pehupenyu hwako, basa rako nemhuri yako, usisazive zvekuita, izwi remunhu waMwari pamusoro pako ndiro rinobva rava izwi raMwari pamusoro pako nenguva iyoyo. Saka chitanga kuverenga shoko raMwari uye ugare uchinamata, nekubatana nevamwe vatendi pakushumira. Ukadaro nobva watapa masaisai aMwari wonyatsonzwa zvanenge vachitaura.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Nzeve dzangu dzateya kuti dzitape masai sai aMwari ndinyatsonzwa vachitaura neni mbune uye shoko ravo richiporofita muhupenyu hwangu. Mugore rino rekuona denga panerino pasi ndichanzwa Mwari vachitaurawo nemweya wangu nezita raJesu!**

### MAVHESI KUVERENGA

Johane 8:43



**Mako 5:9**

**Akamubvunza akati zita rako ndianiko? Akati kwaari,Regioni ndiro zita rangu nekuti takawanda.**

Bhaibheri rinenyaya yemurume uyu akange aine madhimoni akawanda, uyo ainzi Rigioni, uyo aigara munzvimbo yeGadharini. Rigioni zvinoreva madhimoni akawandisisa, uye anesimba rakakura nekuti Rigiyoni munyika yeRoma iuto rine nhengo dzinokwana kuita pakati pezviuru makumu matatu nemazviuru makumi matatu neshanu. Pafunge kuti munhu mumwe chete aikwanisa kutakura madhimoni akawanda kudaro. Murume uyu aigara akasungwa nengetani, uye aisungwa nevarume vanesimba asi zvaishamisa kuona ngetani dzakadamburwa kubva mumaoko nemumakumbo ake.

Nyaya iyi inoratidza kuti vanhu varikur-

wisa matambudziko anenge abva munyika yemweya vachishandisa nzira dzepanyama saka vachikundikana.

Ndinogara ndichitaura kuti hakuna dambudziko kana rimwe chete zvaro rinoitika panyama risina kutangira kunyika yemweya, kwete hakuna kana rimwe chete zvaro rakadaro. Dambudziko rese raunoona rine zvekuita nemunyika yemweya. Unogona kubvuma kana kuramba asi ndakuudza chokwadi. Ukaona nyaya dzemari dzisiri kufamba zvakanaka, ziva kuti pane kubata bata kunenge kuchitwa muhupenyu hwako. Nhasi izuva rinemusiyano nekuti ngetani dzanga dzakasungwa mhuri kwemakore akawanda nekusungwa hupenyu hwako dzirikudambuka dzichiparadzwa nezita raJesu! Wasunungurwa, zvachose! Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, uchashamiswa nezvauchapupura!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndasunungurwa zvachose. Hakusisina kunonoka kwezvinhu muhupenyu hwangu, mubhizimusi rangu muwanano yangu nemumhuri mangu. Ndinoziva kuti wese anenge asunungurwa nemwanakomana wemunhu anenge asunungurwa zvachose!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 8:30

**Genesisi 47:27**

**Zvino valsraeri vakagara panyika yeljipiti, panyikayeGosheni vakazviwanira pfuma imomo vakabereka vana, vana vakawanda kwazvo.**

Nzvimbo inonzi Gosheni mubhaibheri yakange iri mudunhu rimwe chete naraigara Faro, uyo aiva mambo we iJipita. Asi Faro paakaramba kusunungura vana va Israeri mushure mekunge Mozisi etaura naye achimuudza kuti avasunungure, kuramba kwake kuvasunungura kwakakonzeresa kuti nyika yeljipita iwirwe nematambudziko akawanda asi zvainge zvisinga svike kuGosheni icho chaiva chishamiso chikuru. Nharaunda yaigara Moze-si muranda waMwari yaiva nerugare nerunyararo nguva dzese, muiJipita riri bararamhanya. Mugore rino rekurama hupenyu hwedenga panerino pasi

vamwe pavarikusangana nematambudziko, iwe hausu kuzosangana nawo nekuti urikugara urimunharaunda yechiporofita.

Apo vamwe vanenge vachidonha iwe nemhuri yako muchange muchisimudzirwa. Nzwisisa kuti kwese kwatiri kushumira Nhau Dzakana-ka pasi rese, takatakura zodzo rinokonzeresa kuwedzerwa kwezvinhu, kuchengetedzwa, kusanangururwa zvakanaka, nezvimwe zvakananda zvepamweya. Naizvozvo zvinhu zvese izvi ndezvakowo kuburikidza nehochekeche iri pakati pedu newe nezita raJesu. Nharaunda yawapinda iyi ichakonzeresa kuti munhuri mako muve nezvibereko. Zvauchawana kubva kuna Mwari hazvisikuzopera muhupenyu hwako. Wakakosha munharaunda iyi inova yevatumwa. Unotungamirirwa nekuperekedzwa nevatumwa pese paunobuda nekudzoka nezita raJesu.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mugore rino rekurama hupenyu hwekudenga pane rino pasi ndichatenga zvakwa zvakananda. Ndiri kusimudzirwa. Bhizimusi rangu richawedzera. Ndichaita zvibereko uye ndichawandirwa nezvinhu. Hupenyu hwangu hwasimukira, kubva pane hwemunhu wo zvake, ndave kushamisira nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA:

Mabasa AvaPostori 7:17

**Marko 11:14**

**Akapindura akati kwauri, Kusava no-munhu anozodya zvibereko pauri nokusingaperi. Vadzidzi vake vakazvinzwa.**

Muvhesi redu ranhasi, tinganzwisise sei kuti muti wemukuyu unotaura! Magwaro arikutiudza kuti Jesu akapindura muti womukuyu. Zvimoreva kuti muti uyu wakataura. Asi wakati kudii kuna Jesu? Mashoko akaita sei awakataura ayo akapa musiki hashu dzakadaro? Zvakaitika musu uyu zvakabva zvafanana nezvakaitika mubindu reEdheni, apo pakatadza Adhamu na Evha, vachibva vafunga zvekuzvigadzirira mbatya dzekupfeka vachishandisa mashizha emukuyu.

Zvinoratidza kuti muti wemukuyu wakamboedza kutora nzvimbo yaJesu, nekuti mubindu reEdheni Mwari vakatouraya gwayana vakagadzirira Adhamu na Evha zvekupfeka vachishandisa dehwe rehwayana iyi. Ichi chakava chiratidzo chekuti ropa regwayana rega ndiro rine simba rekudzoredza hukama hwaMwari nemunhu, kwete miti yemakuyu. Kana paine chimwe chinhu muhupenyu hwako chinenge chichitora nzvimbo yaKristu, unenge uine pfungwa dzinenge dzemukuyu. Asi iwe, ha, haumbofa wakaita semuti wemukuyu. Kune avo vane mabhizimusi, bhizimusi rako ririkuwedzera richisimukira, woita mari gore rino nezita raJesu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndave nehupenyu hutsva. Ndiri waKristu, uye basa rangu rave rekumufadza pane zvese zvandinenge ndichiita. Ndichachengetedza kuitwa kwebasa remukuru wangu iye achibatawo basa rangu nezita guru raJesu!**

**MAVHESI EKVURENGA**

Ruka 21:29



### Mabasa AvaPostori 13:2

**Vakati vachishumira Ishe vachizvinyima zvokudya, Mweya Mutsvene akati, Nditsaurirei Barnabasi naSauro kubate basa randakavadanira.**

Danho rinotorwa pakutanga kuti munhu avemuPrista, kusanangurwa kubva muruzhinji rwevanhu. Haubvumirwe kuva nechekuitanemhomho zhinji yevanh avo vanenge vasingakoshese Mwari muhopenyu hwavo. Vhesi redu ranhasi, Mweya Mutsvene arikukurudzira Barnabasi naSauro kuti vabve mukati mevamwe vasanangurwe. Dzimwe nguva unofanirakumbosuduruka wobva mukati mevamwe, wozviudza kuti Mwari vanezvinhu zvakakosha zva-vari kuda kuita muhopenyu hwangu. Hazvifanirwe kuti zvikunetse kana ukawana vanhu vavekukutiza nekuti Mwari

vanenge vachikugadzirira kuti vakusimudzire.

1 Petro 2:9 anoti, “Imi murirudzi rwakanangurwa huPrista hwamambo, rudzi rutsvene; ...kuti muparidze kunaka kwaiye wakakudancai kuti mubve parima muuye kuchiyedza chake chinoshamisa. Mwari varikuderredza huwandu hweshamwari dzako kuitira kuti vakugadzirire kuitwa kwebasa ravo. MuApostora Pauro vakakwanisa kunyora zvikamu zvitatu kubva mugumi zvebhaibheri nekuti vakange vasanangurwa kubva mukati meruzhinji vachiita basa raMwari. Kusanangurwa kunaita kuti uwane nguva uriwega naMwari muchikururirana. Uri mudziyo wakakosha urimuruoko rwaJehovha, avo varikukusanangura kuti vagokushandisa mugore rino rekugara hupenyu hwedenga penerinopasi.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakanangurwa naMwari kubvakuneveruzhinji kuitira kuti ndiite basa ravo. Ndiri muPrista waJehovha; hupenyu hwangu huchaita chiyedza kune avo vakandikomberedza. Ndinobudirira muhopenyu, uye ndakagadzirira kuvhiringidza wakaipa nesimba raMwari iro risingakundikane!**

### MAVHESI EKUVERENGA:

VaRoma 1:1



**2 VaKorinde 2:11**

**Kuti tirege kunyangirwa naSatani noku-  
ti mano mano ake tinoaziva.**

Pakutanga zvisikwa zvese zvaMwari zvakange zvakanaka uye zvichiyevedza. Bhaibheri rinoti, pese paipedza Mwari kusika chinhu aibva ati izvi zvakanaka. Dambudziko rakazovapo apo Adhamu akatadza kutevedza murayiro waMwari mubindu reEdheni. Nzwisisa kuti Adhamu akange aine simba rakakurisa zvekuti zvinhu zvese zvaimukotama. Mwedzi, nyenyedzi nezuva zvaiteerera izwi raAdhamu, asi zvase izvi vakashanduka apo akatadzira Mwari nekuti akange ufurirwa nemudzimai wake Evha.

Kubvira pakadonha Adhamu, hapana akagona kudzosera simba raakange

ainaro pamusoro pezvisikwa kusvikira pakazouya Jesu. Dzimwe nguva unofanirwa kuti uti kwete, kune zvimwe zvinhu zvaunenge uchinzi uit, kunyangwe uchiudzwa neshamwari yako yepamwoyo. Wakaipa haauye kwauri aine nyanga kwete kana chiso chakaipa..Anongokupa zano rinouya serakanaka. Kana ukaritevedzera, ndipo panoperera sarungano, Gara wakachenjera, uye usinakudhakwa, usatadze kuziva mano mano aSatani, ndizvo zvichaita kuti ukunde nezita raJesu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri panzvimbo yandinokunda nguva dzese. Huchenjeri hwangu hausi hwepanerino pasi, Ndine simba pamusoro pedambudziko rese nezvese zvinoitika muhupenyu hwangu; saka handikundikane. Ndinorarama hupenyu hwekukunda nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Petro 5:8



**Joshua 6:20**

**Vakaridza hwamanda, zvino vanhu vakati vachinzwa kurira kwehwamanda, vanhu vakadanidzira nokudanidzira kukuru, rusvingo ndokukorormoka chose, vanhu vakakwira vachipinda muguta mumwe nomumwe pakaruramana naye,vakakunda guta.**

Paunenge wakura muzvinhu zvemweya uchaowona kuti unenge usisa shandise mashoko akawanda pakutaura. Usatambise nguva yakawanda uchiita zvinhu zvinosina basa kana zvausinganzwisise. Asi nguva yakawanda ishandise kubasa rawakadaidzirwa kuti uite naMwari. Anenge akubata chete, anoparara'! Avo vanonakidzwa nekukushungurudza, vachiita basa rekukutemesa musoro nezvavanenge vachiita muhupenyu hwako, unovakunda nhasi kuburikidza nekudaidzira kwauchaita.

Ndirikuti daidzira, uye sezvakaita masvingo eJeriko, uchaona vachiparadzwa pamberi pako. Usapedze nguva yako uchitaura navo, nekuti havanzwisise mutauro wekuwirirana, asi kudaidzira semabhanan'ana. Vakakurwisa nenzira imwe chete asi ruzha rwauchaita rwuchakonzereza kuti vakutize nenzira nomwe nezita raJesu!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Izwi rangu rinoita semvura dzakawanda. Ndirimwanakomana wemabhana'nana. Pandinodaidzira zvirwere zvinoparara. Zvinhu zvese zvinondinzwa pandinodaidzira, izwi rangu chombo chinoparadza muvengi. Ndichaona hupenyu hwedenga panerino pasi nguva dzese Amenii!**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 10:4-5



### 1 VaKorinde 1:21

**Nokuti nohuchenjeri hwaMwari nyika nohuchenjeri hwayo, zvisina kuziva Mwari, Mwari wakafadzwa nazvo kufi vanotenda avaponese, nohupenzi hwokuparidza.**

Nhau dzakanaka dzatinoparidza dzine-hochekeche nebasa repamuchinjikwa rakapedziswa nalshe Jesu. Jesu ari kuita basa mukati mako kuitira kufi pashaye munhu anoti ndiye akazviita. Hatisi isu takakonzeresa kurovererwa kwaKristu kwete, firi mibairo yekurovererwa kwake pamuchinjikwa. Tiri rudzi rwutsva rwakaberekwa kubva mukurovererwa kwaKristu pamuchinjikwa, kuvigwa kwake nokumutswa kwake kubva kune vakafa. Vamwe vatendi vechiKristu varikutsvaga zvekuita, ivo Mwari vachiti, “Ndakakudaidza” Saka, chinangwa

chavo ngachive chinangwa chakowo.

Bhaibheri rinoti tarisa kuna Kristu, muvambi nemupereresi wekutenda kwedu. Jesu ndiye chioni oni. 2 VaKorinde 3:18 inoti, “Zvino isu tose tinoti tichitarira nechiso chisina kufukidzirwa kubwinya kwashe sapachioni oni tinoshandurwa tichifanana nomufananidzo iwoyo tichibva pakubwinya kumwe tichienda kune kumwe kubwinya sezvinobva kuMweya Mutsvene.” Patinoverenga shoko raMwari, tinoshandurwa kuti tive mucherechedzo wake. Nzwisisa kuti zvirikuitika zvese, hazvisi pamusoro pako asi pamusoro pake. Saka tambira dambudziko rese rinoitika kwauri semukana wekuti Kristu ari mauri agosimudzirwa.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiri mutakuri wenhau dzakanaka, munda unevhu rakakorera unounza zvbereko zvinofadza. Hupfumi ndehwangu, kurarama kwemakore akawanda ndekwangu, hutano hwakanaka ndehwangu, uye hupenyu hwangu hucharamba huchi simukira uye huchibwinya nezita raJesu! Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA:

VaRoma 8:21



## 2 Makoronike 20:21

Zvino akati arangana navanhu, akagadza vaifanira kuimbira Jehovha, nokumumbidza nenguva tsvene, vakafamba pamberi pehondo vachiti, Vongai Jehovha, nokuti nyasha dzake hadziperi.

Hachisi chinhu chinojairika kuona avo vanonzi varwi vehumhare, vachitungamirirwa nevaimbi ivo vari mumashure mechikwata chevaimbi, muhondo inenge yakaipisira. Zvinhu zvakadai zvikaitika zvinenge zvichikatyamadza kumunhuwo zvake anenge achiongorora nemaziso enyama. Asi mira zvako wakadaro uone vakazoitika pekupedzisira pachu. Unofanirwa kuti unzwisise kuti zvinhu zvemweya hazvinzwisike kana uchizviongorora panyama. Hondo yese yaunosangana

nayo muhupenyu hwako ndeye mumweya.

Kana muhupenyu hwako muchiitika zvinhu zvisina kujairika, uye zvisina kunaka, kunenge kuine hondo yepamweya inenge ichiitika, iwe uri pakati payo. Muhondo yakadai, usarwe zvako asi kuti rumbidza nekuimbira Jehovha. Ndiye murongi wehondo, nekuti paunenge uchimumbidza nemwoyo wako wese rumbidzo yako inosvika zvakasimba munyika yemweya, vatumwa vobva vatumirwa kuti vakurwire hondo yacho. Hondo ndeya Jehovha, uye kukunda kwako kunenge kuchitoitika nezita raJesu!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**My time of rest has come. I need not fight in this raging battle; my God shall fight for me and give me peace which surpasses all human understanding. I know victory is mine, in the name of Jesus!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 29:2



**VaHeberu 6:13**

**Nokuti Mwari paakapikira Abrahamu akapika naye amene, nokuti akan-ga asina mukuru kwaari waangapika naye.**

wekutaura naye pamusoro paro? Unenge uchingotsva uri wega uchitadza kutaura pamusoro paro, uchiita semunhu ari mujere. Dambudziko rako iri ri-noita kuti ukayedza kutaura pamusoro paro hapana anokunzwisisa! Ndirikuku-unzira nhau dzakanaka, zvinhu zvese zvave kushanduka, zvave kukunakira nekuti dambudziko rako rave kupera.

Kwese kwawakamborambwa, wavekutambirwa ikoko uye uchipembererwa. Mwari wandinoshumira mukuru kudarika chero ripi dambudziko raungasangane naro muhupenyu hwako.

Hutano hwako hurikudzoreredzwa, mhuri yako irikudzoreredzwa, nehupenyu hwako hurikudzoreredzwa. Uri kubuda kubva mudambudziko rako izvezvi! Vese vaifunga kuti vakunyararidza ndivo vachakukorokot-edza. Fara upemberere, shoko rinoshanda! Urimukundi haunakukundwa. Mwari vangu vahombe, havakundikane. Zvinzwise, urarame nazvo!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiri mutakuri waMwari; mukuru anogara mandiri. Mwari wandinoshumira akakurisisa, uye anesimba rakawandisisa kudarika mubatanidzwa wetwumwari twese! Ndirimuhombe ini. Uye handikundikane. Pandinofamba, Mwari vanenge vachifamba. Hupenyu hwangu hunopupura!**

## MAVHESI EKUVERENGA

Genesisi 22:16

**Mateo 8:17**

**Kuti zviitike zvakarehwa nomuporofita MuProfita Isaya, achiti iye wakatora hutera hwedu akatakura marwere edu.**

Kana ndichiti zvirinyore kwazvo kuti vanhu vaporeswe kubva kuzvi rwere nematenda, ndinenge ndichitaura chokwadi. Kuporeswa munana; ndosaka ndichiudza vanhu kuti vasaongorore zvakanwanda. Mwari ndiye anenge achiporesa nemweya wake. Chako kungo tenda kuti Jesu ndiye murapi wako, nekutenda unowana munana wako. Ndirikutaura nechirwere chegomarara zvezvi ndichiti poreswa nezita raJesu. Chero chirwere chipi chauinacho, gamuchira kuporeswa kwako nezita raJesu. Daidzira uchipemberera kunaiye Mambo Jesu; Ndivo vakuitira zvakadarol!

Mwari vakuporesa kubva kumusoro wangauchitema, bundu rawanga uinaro uye nemarwadzo ange ari pagumbo, kuburikidza neMweya wavo. Zvandiri kunyora kudai, ndirikuraira kuti ubate mimba nezita raJesu. Ndinoona minana yakawandisisa, imwe inoto katyamadza, iyo inoshambadza simba raMwari. Ndinoziva wandakatenda maari. Anesimba rekuita zvisingaitike. Nhasi uno ndirikuti kuporeswa ndekwako nezita raJesu. Gamuchira kuporeswa kwako!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndine hutano hwakanaka; handitongwe nehurwere. Muviri wangu itemberi yaMwari, hauvhiringidzwe nezvinoitika panyama. Ndine mitemo yandinorarama ndiri pasi payo yakasiyana neyepasi rino, uye ndinokunda nguva dzese nezitaraJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGAENGA

Ruka 4:40

**VaFiripi 4:4**

**Fara munashe nguva dzose uye ndati zvakare fara..**

Kufara kunoenderana nezvinenge zvi-chiitika muhupenyu uye zvaunenge uchinzwa mukati mako panguva iyoyo. Zvinoitika paunenge uri zvinechekuita nekufara kwako. Zvinoitika kuna amai kana kuna baba vako zvinogona kukukanganisa, uye zvinoitika kuchikoro zvinogonawo kukukanganisa, zvinoitika kuvavakidzani vako zvinogona zvakare kukanganisa kufara kwako. Izvi ndizvo zvinokonzeresa kufara kana kusa fara kwako. Asi kana takutaura nezvekupemberera, isarudzo yaunoita. Unosarudza kuti ini ndichapemberera chete, zvisineyi nemamiriro anenge akaita zvinhu muhupenyu hwako.

Mufaro unowaniikwa mukati mako, haunei nechekuita nezvaunonzwa. Ndipo paunonzwa uine runyararo kunyangwe zvinhu zvakaita manyama amire nerongo, ndiwo mwoyo waunenge wakapihwa naMwari. Mufaro uyu unenge uinawo kunyangwe ukawana rugwaro rwunenge rwuchikudzinga paunenge uchigara, kana ukawana tsamba inenge yabva kuna chiremba inenge isina mashoko akanaka, uye unenge uinawo kunyangwe zvinhu zvisina kumira zvakanaka muwanano yako. Ukaona zvinhu zvave kunyanya kushata muhupenyu hwako, ziva kuti nguva yako yekusimudzirwa naMwari inenge yasvika, saka unofanirwa kuva nemufaro wakanyanya mauri. Usatendere matambudziko aunenge wasangana nawo kuti akanganise hukama hwako naMwari. Kupindira kwavo muhupenyu hwako kunokonzeresa kuti matambudziko ako atsakatike nezita raJesu!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Kubvira nhasi ndiri kusarudza kugara ndizere nemufaro nguva dzese. Ndichakunda panezvese zvandiri kuita, uye kukundikana kuchange kuri kure neni. Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga panerino pasi kwese kwandinoenda ndichange ndirimunhu anemufaro wakanyanyisa nezita raJesu.**

### MAVHESI EKUVERENGA:

Mapisaremas 33:1

**Ruka 3:16**

**Johane akapindura akati kuna vose, Ini ndinokubhabhatidzai nemvura, asi uyu anouya anesimba kupfuureni, wandisi-na kufanira kusunungura rukanda rwe-shangu dzake, iye achakubhabhatidzai no Mweya Mutsvene nemoto.**

Mweya Mutsvene uyo wawak-abhabhatidzwa naye pawakatambira Jesu Kristu satenzi nemuponesi wehupenyu hwako, moto! Chipinda pachinhano chekuti unenge uchigara uchipfuta moto wacho uyo usingapere. Hamheno kana uchiziva kana hauzive, kuti unemoto unopfuta mauri. Paunodzokorora moto wacho, unobva watanga kupfuta uchibva mukati mako uchibuda kunze. Zvese zvakakomberedza zvinobva zvapfuta nemoto waMweya Mutsvene. Chese chaM-

wari chiri mauri chinoita kuti Mweya Mutsvene apfute nemoto.

Batidza moto waMweya Mutsvene mauri zvakare kuburikidza nekunamata zvakasimba uye nekuverenga kwako shoko raMwari nekuita basa ravo. Unoona hupenyu hwako hwakuva nechimwe chirevo, huchisimukira. Pfutisa moto waMweya Mutsvene, udzokorore kuufuridzira, huve hupenyu hwako nguva dzose. Unonzwa uchinetseka here, kutsamwiswa here kana kufunganya? Dzokorora kufuridzira moto uyu, kusvikira vese vanokurwisa vave kuziva kuti urimoto unopfuta uye unopisa zvekuti, hautambwe naye.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mandiri munogara moto unomedza zvese. Mugore rino rekuona Denga panerino pasi, kupenya kwemoto uri mandiri kuchaita kuti muvengi apofamare, siku nesikati uye unomedza zvese zvaachashandisa kundirwisa nazvo ndichikunda! Amen!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 3:11



**1 Samueri 3:19**

**Samueri akakura, Jehovha akava naye, haana kutendera kuti rimwe chete remashoko ake rewire pasi.**

MuTestamende yakare tinoona kuti Jehovha akange aine vamwe vanhu panguva iyi, asi chokwadi chiri muTestamende itsva ndechekuti Jehovha vari mauri! Kana uina Mweya Mutsvene mukati mako, zvinoreva kuti paunenge uchitaura, Mwari ndivo vanenge vachitaura, saka zvese zvaunotaura zvinotoitika. Zvese zvinodiwa kuti unzi uri muKristu, zvinowanikwa mukati mako, saka ukawona uri muKristu unenge urimunhu akasimudzirwa. Bhaibheri rinoti vatumwa vanoongorora nekuita tsvakurudzo pamusoro pezvinhu izvi. Ndezvipi zvinhu zvacho? Kristu mauri, tariro yekubwinya!

Vhesi redu ranhasi riri kuti Jehovha akange aina Samueri, uye haana kutendera kuti kana rimwe remashoko ake rewire pasi. Humboo hwekuti unaMwari hunoratidzwa nekushanda kunenge kuchita shoko ravo mukati mako, kuti rikukonzere kuti uite mabasa makuru. Chinhu chinongosara chiinemaungira kudenga ishoko raMwari. Unenge usisafanirwe kuti uve nekutenda kana kuti uporofite. Saka verenga bhaibheri mazuva ese uchiine mukana. Unofanira kuziva shoko raMwari iwe pachako, woriona richishanda pauri nemaury, mugore rino rekuona denga pane rino pasi, nezita raJesu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirinyanzvi yeshoko raMwari; Ndinotaura zvakavanzika zvinotsanangura mazwi ekudenga, mazwi anehudzamu hwekuti anoshandura mamiriro ezvinhu nekugadzirisa hupenyu hwevanhu. Handisi munhuwo zvake, ndirimutakuri wechokwadi chemakare kare icho chirimushoko raMwari!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Ruka 1:80

**Johane 10:34**

**Jesu akavapindura akati kwavari, Hazvina kunyorwa murayiro wenyu here kuti ndakati Muri anamwari?**

Mashoko aya ayo akataurwa namambo Jesu pachavo, akasimba. MaKristu akawanda, anedambudziko nekutaurwa kwakaitwa mashoko akasimba kudai. Ko sei? Nekuti maKristu aya haadi kuziva chokwadi chiri pamusoro pezvavari. Jesu akange asingakanganise paakatidaida akatiti tiri vana mwari. Ndiko kuronga kwakange kwakaitwa nedenga kubvira pakutanga uye chironywa ichi hachina kuchinjwa. Kana Jesu anova ndiye Mwari pamunhu achikudaidza achikuti uri mwari, ndiyani angazvirambe izvi, hongu muri anamwari!" Ndosaka uchikwanisa kugadzirisa chero nhengo yemuviri

wako kana ichinge yakanganisika. Wakasikirwa huku. Gamuchira chokwadi chezvandiri kukuudza izvi, nekuti uri pamusoro pemasimba nevatati, uye ugere naKristu kumatenga.

Adhamu akange asiri munhuwozvake, Akasikwa naMwari kuti ashande saMwari, saka airarama hupenyu hwakange husiri hwepanyama. Pafunge kuti Mwari vaitouya manheru kuzoita hurukuro naAdhamu. Ndizvo zvinoratidza kuti Mwari anotaura nanamwari. Jesu anonzi ndiye Adhamu wekupedzisira nekuti ndiye akadzoreredza zvese zvakaraswa naAdhamu akazvidzosa zvakare kwatiri. Uri mwari saka rarama hupenyu hwako nekuita zvinhu zvese saivo uye utaure savo!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakasikirwa kutonga. Handikundwe nehurwere. Hupenyu hwangu huri kuratidza mwari mandiri. Ndinofamba nekutaura semuprista waMwari uye hupenyu hwangu hurikubva panechimwe chiyero chekubwinya huchienda pane chimwe mugore rino rekuona denga panerino pasi!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 82:6



**Mateo 12:36**

**Ndinoti kwamuri, Shoko rimwe nerimwe risina maturo rakarehwa navanhu, vachazvidavirira pamusoro paro nezuya rekutonga.**

Bhaibheri rinoti Jehovha wakatumira shoko ravo (semushandi), uye rakatomirira kuita basa rarinenge ratumwa kunzi rite! Ongorora Zvirevo 18:21: "Rurimi runesimba rerufu kana hupenyu, avo vanorwufarira vachadya zviribereko zvarwo" Wawe kuziva zvakanyorwa, yave nguva yekuti uchiita zvakanyorwa. Unogona kunge wakambotaura mashoko akai-pa kare. Nzira yekuagadzirisa ndeyekutaura zvakanaka kuitira kudzima awakambotaura. Urikurwara here? Taura mashoko ekuporeswa ugozviwona uchipora nezita raJesu!

## **CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakutobva ndatotanga kutaura hupenyu. Mashoko angu anesimba uye zvandinotaura zvinoitika nezita raJesu. Amen!**

## **MAVHESI EKUVERENGA**

VaRoma 14:12

**1 VaKorinde 10:26**

**Nyika nekuzara kwayo ndezvaJehovha.**

Wakambopindana here nenguva ye-kuti hana yako inenge ichiita kunge yavekutsemuka nekutya? Painenge ichirova apa, unenge usisazive kuti unenge wavhundutswa here kana kuti unenge wave kutya. Kazhinji zvakadai zvinoitika zvikuru paunenge wave kusvika pavashandi vanoona nezvekupinda nekubuda munyika, avo vanobvunzurudza pamusoro perwendo rwako vachida kuona kuti unokwanisa here kupihwa mvumo yekupinda munyika yaunenge uchishanyira. Ndizvowo zvinoitika kana wave kufungisisa pamusoro pematambudziko anowanikwa mukurarama, avo anombokatyamadza zvekuti unenge usisazive pakutangi-

ra.

Asika dzikama iwe, nekuti mhinduro yako iri paruzivo rwuri mushoko raMwari kuti nyika nekuzara kwazvo ndezvaMwari! Ichi ndicho chizaruro, chezvauri kana urichero nyika kana nzvimbo yaunenge uri. Mwari wawakatakura uyu, ndiye muridzi wezvese, kwese kwaunoenda. Saka hauna chakanaka chaunoshayiswa. Nei ndadaro? Nekuti zvese ndezvaMwari, uye iwe urimuridzi wezvese zvakanaka. Nzvimbo yauri kuda kutenga, zvivakwa zvese izvo zvaunoda kuti zvivewo zvako, nyika yaunoda kuzogara hupenyu hwako hwese, chero chipi chinhu chakanaka chaunoda kuti chive chako, Mwari vakati vanokupa zvido zvemwoyo wako; saka dekara udzikame, ndezvako nezita guru reJesu!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Hapana chakanaka chandinoshaya nekuti ndinoziva kuti Mwari avo vandinovimba navo vanondipa zvinhu zvakanaka. Ruvimbo rwangu rwese rwuri munaMwari, saka ndinoziva kuti chese chandada ndinochiwana pandadira!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisaremas 50:12

**Johane 5:35**

Iye wakanga uri mwenje unopfuta neunovheneka, imi makanga muchida kufara kwenguva duku muchiedza chake.

Vanhu vakawanda vanofunga kuti kudenga kwakazara ngirozi chete. Rega ndipajekese apa, nekuti kudenga kune zvimwe zvisikwa zvisiri ngirozi, zvinoshamisa, sezvo zvimwe zvacho zviine maziso akawanda anenge akatarisa kumativi ese, zvekuti zvinenge zvichiona kwese zvisina kutendeuka. "Ngirozi" itsananguro yebasa rinenge richiitwa. Iwe ukaita basa raMwari, riinokushandura kuti uve ngirozi. Unokwanisa kuvamwenje unopfuta pane rinopasi uchiita basa raMwari usina anenge akutuma.

Avo varikupfuta moto pamusoro paJesu, vanesimba rekutaura zvino fanira kuitika uye nekupidigura mamiriro ezvinhu vasina wavanenge vataura naye. Bhaibheri rinoti, "Kune avo vakamugamuchira akavapa simba rekunzi vana vaMwari, uye kune avo vakatenda muzita rake:" (Johane 1:12). Haufanirwe kuti unge uri muPorofita kana muApostora kuti unge uchipfuta moto nezvaJesu. Ino yavenguva yekuti uwedzere kupfuta hwemoto wako kuburikidza nekuwedzera kwako kushandira Mwari.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

Handikwanisa kudziya pazvinhu zvaMwari. Ndichavabhora remoto nechombo chinopisa mumaoko aMwari. Basa rangu nderekuvhiringidza, kuparadza nekukunda zvirongwa zvemuvengi pamusoro pehupenyu hwangu. Amenii!

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 Petro 1:19

**I Samueri 30:8**

**Davidi akabvunza Jehovha akati, Kana ndikatevera boka iro ndingavabata here? Akamupindura akati, Tevera hako nokuti uchavabata vose uye ucharwira zvose.**

Vara rekuti 'tevera' nechiHebheru rinonzi "râdaph," zvichireva kutandanisa uine chinangwa chekuvhima nekurwisa muvengi uyo anenge achitiza. Apo Dhavidhi akabvunza Mwari mushure mekunge guta rake rarwisa nemaAmarikite awo akange apamba mhuri yake, nemhuri dzenhengo dzemauto ake, akange aine chinangwa chekutandanisa muvengi uyu achimurwisa kuti abvute zvakange zvapambwa. Ndinowananzoudza maKristu anenge achida kuita bhizimusi kuti vanofanirwa kuti vavenemamwe mafungiro

nekunzwisa kwakasiyana nezvinotaurwa pamusoro pemaKristu. Kune kapfungwa kariko kekuti maKristu anofanirwa kunge ari vanhu vakazvinipisa, uye anofanirwa kubvuma kungoitwa yese yese, wakaipa achibvuta mhuri, zvinhu zvavo, hutano mari nemikana yekusimudzirwa muhupenyu uye nemufaro wavo!

Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga panerinopasi, unechiporofita chaitwa pamusoro pehupenyu hwako. Wavekufanirwa kutevera wonotora mhuri yako yakabvutwa newakaipa, uyekubakidza rudo mumhuri yako urwo rwange rwatondhora. Tandanisa muvengi upinde mukamba yake, wotora zvese zvako zvaakaba. Usanzwe tsitsi, usadzoke kumashure, usanzwisise kusvikira wadzozazve zveze zvirizvako nezita raJesu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndaveneshungu uye simba rekutandanisa muvengi kuti ndimutorere zvese zviri zvangu, Ndina Mwari parutivi rwangu, uye nehosi dzedenga idzo dzirikundibatsira, saka ndinotokunda nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Genesisi 14:16

**1 VaKorinde 4:20**

**Nekuti hushe hwaMwari hauzi wemashoko chete asi nekuratidzwa kwesimba.**

Kushayikwa kwesimba, humboo hwekuti Mwari vanenge vasipo. Kunofanira kuva nekuratidzira kwesimba raMwari izvo zvinoreva kuvapo kwaMwari. Asiwo kunevamwe vanaro simba asi risiri raMwari. Mumwe anogona kugona kutaura asi kana pasina zvaanoita zvinoratidza simba raMwari, zvinoita kuti kuve nemibvunzo yakawanda.

Tinofanirwa kuratidza kuti Mwari wedu anoporesa, nekutipira zvese zvatinoda uye kuti anoita zvikuru kudarika zvatinofunga kana kutarisira. Munhu wese anenge atambira Ishe Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwake

anesimba rekuita minana nezvishamiso nezita raJesu. Iwe wakapihwa simba kare kare, asi wakarishandisa kana kuriratidza kuti unaro kangani? Yave nguva yekuratidza kubwinya kwaMwari kuburikidza nekuporesa varwere. Usafunge kuti iri ibasa rakasanangurirwa vamwe vatendi kuti variite, iwe ndiwe wakapihwa basa iri! Una mweya mutsvene mauri uyo anoita basa rese, uye anoda kuti umubvumire kushanda mukati mako, haashandise kugona kwako.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikufamba ndichiratidza simba; ndinoita minana nezvishamiso. Handisi mudziyo usina chinhu asi ndizere nesimba nekubwinya kwaMwari mandiri. Zvandinotaura zvinoitika nezita raJesu. Amen!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaRoma 1:16

**VaRoma 14:4**

**Iwe ndiwe aniko unopa muranda womumwe munhu mhosva? Iye anomira kana kuti anobva pana Ishe wake, Uchamiswa hake nokuti Ishe anesimba rekumumisa.**

Ndine chimwe chinhu chandakadzidza kubva kumunhu wangu waMwari, chekuti ndinofanirwa kutambira nekudaidza munhu maringe nezvaanoda iye kudaidza achiitwa. Semuenzaniso, kana munhu waMwari achida kunzi Bhishopu, chero chinzvimbo chaanoda kudaidza nacho, musiyе achidaidza saizvozvo. Ishe Jesu ndiye mutungamiri wedu tese. Musiyе aite kuda kwake. Ndinogara ndichiudza vanhu kuti vasazvipe chigaro chaMwari, nekuti ndiye ega mutongi akarurama.

Vhesi redu ranhasi rinotiratidza pfungwa maringe nekuti Mwari anova ndiye anoziva magumo echinhu kubva pakutanga kwacho kuti anoshanda sei nevaranda vake. Kune chirevo pekupedzisira kwevhesi redu ranhasi icho chiri kuti, Uchamiswa hake nokuti Mwari anesimba rekumumisa," zivi ndizvo zvonofanirwa kukuratidza kuti Mwari vane tsitsi. Hazvineyi kuti unofungei pamusoro pevaranda vaMwari, nezvavanenge vaita. Iwe basa rako semuKristu nderekuvanyengererera uchivatsa nekuvavaka, nguvadzese.

## PROPHETIC DECLARATION

**Ndinopa hushing kunevakawanda; Handiputse kana kuparadza zvinenge zvavakwa naJehovha. Ndinoziva kuti Mwari ndiye ega anovaka nekusimudza chero upi munhu anenge adonha kanomwe. Hareruyah!**

### MAVHESI EKUVERENGA

MuProfita Isaya 40:29





## 2 VaKorinde 4:18

**Tisingatariri zvinooonekwa, asi zvisingaonekwi, nokuti zvinooonekwa zvinopfuura asi zvisingaonekwi zvinogara nekusingaperi.**

Isu tinoparidza nezvaJesu mupi wepufuma, kwete pamusoro pekupfuma. Tinoparidza Jesu anoporesa kwete nezvekuporesa. Ndoda kuti uzive kuti ukasaona kuporeswa semunhu, uchagara uchirwara nguva dzese! Kusvikirawo wavekuona kupfuma semunhu kwauri ucharamba wakabhuroka! Pane chinhano chaunofanirwa kuti usvike chekuita hochekoche mumweya neuyo anokonzeresa kuitika kwezvinhu, uye munhu uyu ndiJesu Kristu. Kune zvakawanda zvinoitika munyika yemweya, uye zvikasadenhwa, hapana chinoitika zvinogogara zvakadaro!

Kune zvakawanda zvemweya zvirikutoitika izvezvi mumba mako munharaunda maugere, pese pauri, asi maziso ako emweya anofanirwa kuvhurika kuti uzvione. Mugore rino rekuona dengapanerino pasi, ndirikukurudzira kuti uwedzere kunamata kwako, kuverenga kwako shoko raMwari nekusimbisa hukama hwako naMweya Mutsvene. Unoona wave kuona munyika yemweya – kune imwe nyika yakadarika nyika yepanyama, iyo inokonzeresa kuitika kwezvakanwanda panyika. Saka rega kukotsira zvakanyanya, usataurise uyenamata kuti uwone zvirikuitika munyika yemweya nezita raJesu!

## PROPHETIC DECLARATION

**Pfungwa dzangu dzangwarira, meso angu avhurika uye ndirikutungamirirwa neshoko raMwari. Handisiyane nekuverenga shoko raMwari kusvikira ndavekuziva nekuona zvinoitika munyika yemweya nezita raJesu! Amenii.**

## MAVHESI EKUVERENGA

VaHeberu 9:11



### **MuProfita Isaya 53:7**

**Akamanikidzwa akarohwa kunyangwe zvakadaro haana kushamisa muromo wake, akauyiswa segwayana rinoiswa kunobayiwa uye segwai pamberi pavaveuri varo akanyarara saizvozvo haana kushamisa muromo wake.**

Tirikurama munyika irikukoshe-sa wakaipa, ichimuita kunge ndiye anomirira chokwadi, asi Ishe Jesu vari ndivo chokwadi chizere. Mazuva ano unoona masaisai esocial media azere neavo vanozviti ndivo vanoziva chokwadi chezvinofanirwa kuti zviitwe nevanhu, asi vanhu ava varivanyengeri vasingazive chokwadi. Varikuedza nepavanogona napo kunzwa kuti maKristu anotii nezvavanobuditsa pamasaisai izvo zvinechinangwa chekunyaraadza maKristu aya kuti asatombotaura chinhu,

nekuti hurongwa hwaMwari hunozovikanwa neveruzhinji vakazobengukenka.

Mugore ra2020, vaiti munogona henyu kufamba muchiungana henyu asi zviitei muchivande, munyerere. Asika iwe kutenda kwako kunokukurudzira kuti ungeuchitema zvirevo kuitira kuti ukwanise kuputsa zvimhinghamupinyi muhupenyu hwako. Zvakaita sekunyimwa mweya wekufema nawo kana tararambidzwa kutaura semaKristu. Vhesi raJobho 22:28 rinoti "tinofanirwa kutema chirevo choitika chiyedza chovapo." Saka hatitombofanirwa kuti tinarare. Ramba uchitaura chete, kusimudzirwa kako kuchaonekwa nemunhu wese.

## **PROPHETIC DECLARATION**

**Ndicharamba ndichingotaura shoko raMwari chete iro risina anogona kupikisana naro pamusoro pehupenyu hwangu, mhuri yangu, nemari yangu. Handisi kuzonyararidzwa, izwi rangu richanzwikwa, kuitira kushandura hupenyu hwevamwe vanhu nezita gururaJesu. Amen!**

### **MAVHESI EKUVERENGA**

Mabasa AvaPostori 8:32

**VaEfesu 2:10**

**Nokuti tiri basa rake, takasikwa kuti muna Kristu Jesu tiite mabasa akanaka akagadzirwa kare naMwari kuti tifambe maari.**

Mwari akafemera mweya wake munhu, kuti avenehupenyu. Nzwiswa kuti Mwari haanakuzvideredza kuti afuridzira mweya wake mukati memunhu nekuti akange achinamata munhu kwete sezvo Mwari asingakwanise kunamata munhu. Haaikwanisa kumufemera mweya akamumisa nokuti Mwari haatarisi kumusoro kunemunhu. Mweya wekufema wakafemerwa munhu akamuisa pachinzvimbo chaakaona chakafanira, icho chaizoitika kuti munhu afanane naye pakuita kwake. Ndosaka zvichinzi munhu "aripasi pamwari" zvichireva kuti anenge

aripasi paJehovha Elohim (Mwari mukuru) pachake, asi asiri pasi pengirozi.

Mweya uyu ndiwo wakamutsa Jesu kubva kuvakafa, uye ndiwo mweya urimo mukati mako, saka, unokwanisa kuratidza simba raMwari, iro riri mukati mako, sechisikwa chakaita saMwari. Haungatakure hunhu hwaMwari, wogara usina simba rake kwete, hazviite izvozvo! Saka chitunga kubvira nhasi kuratidza simba riri mauri usingatye. Usanyare. Kuzvikudza ndiko kunokumisa kuti utaure semudziyo waMwari. Taura pamusoro pemari yauri kuda kuona iri mubhanga mako, dzikamisa bhizimusi rako, wotarisira kuona richisimukira, taura zvaunoda kuwana uye nekuti zvinofanira kuitika wotara nenguva yazvinofanirwa kuitika. Unoshamiska nekushanduka kunoitika muhupenyu hwako nezita guru raJesu.

## PROPHETIC DECLARATION

**Ndirikudaidza mari kuti iuye muhupenyu hwangu izvezvi! Bhizimusi rangu ngarivenepundutso uye hupenyu hwangu huratidze simba raMwari riri mandiri! Amen!**

### MAVHESI EKUVERENGA

MuProfita Isaya 19:25

**Mateo 25:16**

**Pakarepo iye wakapiwa matarenda mashanu akaenda akaita mhindu nawo akawana mamwe maviri.**

Haa murume uyu ndinomufarira mhani, nekuti haana kutambisa nguva achitenderera. Bhaibheri rinoti, akangoti achipihwa matarenda mashanu akabva atotanga kuita kuti abereke ipapo ipapo, haana kutambisa nguva. Akatanga kutenga nekutengesa zvinhu. Akapinda mubhizimusi raiita kuti mari iwedzere asina kumirira kuti audzwe zvekuita nemari yacho. Mamwe maKristu anotambisa nguva akangomira chete, achiti akamirira kunzwa kubva kuna Mwari, asi iye Mwari wacho akaamirirawo maKristu aya kuti atange kuita zvinhu zvinebasa.

Ndiyaniko akakupa pfungwa yauinayo? Ndiyaniko akakupa zvekuti ushandise? Ndiyaniko arikukupa manyukunyuku ekuita bhizimusi nguva dzese? Unofanhirwa kuti uchizviza izvezvi kuti uku kuita kwaMwari. Wagarisa kwenguva yakareba uripanzvimbo yaugere. Iko zvino yave nguva yekuti uchiparadzira bhizimusi rako kunyika dzakawanda, kunyanya iye zvino apo paane mukana wekushandisa masai sai esocial media. Nhasi pauri kusundwa naMweya Mutsvene, chirega kuramba wakamira. Murume arimuvhesi redu ranhasi akabva atora matanho, uye akawana pundutso yezvikamu zana kubva muzana. Ndomashandiro anofanira kuita pfungwa dzako.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Hupenyu hwangu hurikuwana zvakawanda kubva kuna Mwari mazuva ese sezvo ndakadaidzirwa hukuru. Ndinotsigira hushe hwaMwari nemari, uye inipachangu ndinokwezva mari; hazvisi mandiri kunonoka kutora matanho. Ndichabudirira pane zvese zvandinoita nezita raJesu. Amen!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 12:6

**Mabasa AvaPostori 20:24**

**Asi hakuna chimwe chezvinhu izvi chiondidzosea shure uye handiverengi kuti hupenyu hwangu hunokosha kwandiri kuti ndipedze rwendo rwangu nomufaro nebasa randakagamuchira kuna Ishe Jesu rokupupura kwazvo evhangeri yenyasha dzaMwari.**

Basa rakaitwa nevadzidzi vaJesu, uye kuzvipira kwavakaita pabasa iri, kunoshamisa. Vakazvigona sei vadzidzi ava kuti vaite vateveri vaJesu vakawanda kudaro zvekuti vavekusvika mabhiriyoni matatu nechikamu, pasi rese, asi ivo vakatanga kuita basa iri vari vashoma kudaro? Vakange vaine chinangwa uye vakange vasina aivavhundutsira kanakuvatyisa. Vaive vakazvipira nemwoyo yavo yese kuita nekupedza basa ravo. Sezvakaitwa

nevadzidzi vaJesu, basa redu ndere “kuburitsa vanhu kubva mugehena fichivaisakudenga kusvikira denga razara!”

Unogona kunzwa kunge kuitamuvhangeri kana kuti kugara uchinamata riribasa rinonetsa kuita, uye unogona kuona kunge panenge paine madziro asingaoneke anenge aripakati pako nekuitika kwemunana muhupenyu hwako. Inzwa unzwe: iye zvino nguva yakwana yekuti upemberere! Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga panerinopasi, madziro ese aimisakusimukira kwako arikukurumidza kuputsika. Kereke ichakura zvinemutsindo nenzira isingafungirwe. Chipi nechipi chaimbokumisa pakuzadzikisa zvawakadaidzirwa naMwari kuti uite muhupenyu chirikuzodonha nezita gurura Jesu! Amenii.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Hupenyu hwangu chichava chinyorwa chichaverengwa nevamwe vanhu, avo vachaona kuti Kristu anorarama mandiri. Ndakazvipira nemwoyowese kuna Kristu, uye ndirikurarama hupenyu hwekurovererwa pamuchinjikwa!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 VaKorinde 15:5

**VaEfesu 5:18**

**Regai kubatwa newaini nokuti ndipo panokusazvidzora asi muzadzwe noMweya;**

Nhasi unokereke irikukoshesa zvirikuitika munharaunda mayo isingakoshese kuita kwaMweyaMutsvene. Vhesi redu ranhasi ririkutaura pachena kuti: tinofanhirwa kudhakwa naMweyaMutsvene! Ririkunyatsoti "muzadzwe noMweya." Zvichireva kuti gara wazadzwa naMweya Mutsvene kusvikira wavechidhakwa chaicho muMweya! Abrahama haana kudzedzereka. Kunyangwe akange arichidhakwa mumweya, akaramba akanangana nechinangwa chake. Koi we unenguvawo here yekuzvipira kuti ushandiswe naMweya Mutsvene?

Mamwe maKristu anopa chikamu chehupenyu hwawo kunaMweya Mutsvene asi chimwe chikamu voita zvavanoda nehupenyu hwavo! Unenge uchokanganisa kana uchida kuti Mwari vachengetedze wananano yako, vana vako nezvaunoita muhupenyu asi usingade nemari yako. Zvipire kunamweya mutsvene nezvikamu zana kubva muzana, zvinyudze wese muna Mweya Mutsvene. Kana ukaita chidhakwa muna Mweya Mutsvene, iye ndiye anenge avekukutungamirira pane zvese zvehupenyu hwako; zvekutoti ndiye anokuudza zvekupfeka. Vimba naye nemwoyo wako wese. Ukadaro chete ndipo paunoraramahupenyu hwake nekuvawo nesimba rake.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**NdirimuKristu akazara naMweya Mutsvene. Hupenyu hwanangu hunotungamirirwa nekusimudzirwa nehuvepohwaMweya Mutsvene mandiri. NdiriwaJesu, uye hupenyu hwandinorarama hunotungamirirwa naye!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 1:15

**Mateo 24:7**

**Nokuti rudzi rwuchamukira rudzi noushe huchamukira ushe, nenzra dz-ichavapo nehosha nokudengenyeka kwenyikakunzvimbo zhinji.**

Mwari ndiye Alpha na Omega, zvichi-  
reva iye anotanga chinhu kwekutanga  
kusvikira kumagumo acho. Mwari aka-  
tora nguva yake achiverenga bvudzi  
ririmumusoro mako, uye anofadzwa  
nemasikiro aakakuita. Ukanzwisisa  
kushamisa kwemasikirwo awakaitwa  
kubva mukati zvichienda kunze, unob-  
va waziva kuti Mwari vanodada newe  
zvakananyisa.

Zvirikuitika pasi rese hazvishamise  
kunaMwari; tave panguva inonzi es-  
chatos – chinova chikamu chekupedzi-  
sira. Zvinhu zvese zvainzi zvichaitika

zvavekuitika zvekuti munhu wese arikuzviona. Zvese zvirikuitika zvaka-  
porofitwa kare. Tirikuona zvirwere zvaka-wanda zvaka-ita sana COVID-19  
chinova chirwere chakatekeshera munyika dzese chikakanganisa ma-  
miriro ehupfumi munyika dzakawanda. Nhau dzinonakidza ndedzekuti,  
iwe semuKristu, haunakushamiswa kana kutyiswa nezvirikuitika. Bhaib-  
heri rinokukurudzira kuti pemberera kana wavekuona zvinhu zvaka-dai  
zvave kuitika nekuti kudzikinurwa kwave pedyo. Nhau dzirikubuda ma-  
zuva ese hadzifanire kukutyisa. Faranuka! Shoko raMwari rinoshanda!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakaberekwa panguva yakaita seinoyi, kuti ndigovere hup-  
fumi kunyika dzakawanda. Ndini izwi raMwari kurudzi rwanha-  
si; Hapana anokwanisa kundinyararidza, Ndichenderera mberi  
ndichisimukira nezita guru raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 21:11

**1 Timoti 4:15**

**Shingairira zvinhu izvi uzviite nomwoyo wese kuti kupfuurira mberi kwako**

Hupenyu ibhizimusi. Unenge uchirasikirwa kana kuti unenge uchiwana pundutso kubva kwahuri. Saka unofanira kuita sarudzo yakanaka yekuti uwane pundutso muhupenyu. Vanhu vakawanda vanofunga kuti kana uine chinzvimbo pedyo nemunhu waMwari unenge uine simba rakawanda, hukuru uye kuti munyika yemweya unenge urimukuru. Vanobva vakanganwa kuenderera mberi nekuzvivaka pamweya, uye kukunda hondo dzehupenyu nekuita pundutso. Unofanirwa kuenderera mberi nekuvakakutenda kwako, kukunda matambudziko anosanganikwa nawo muhupenyu, nekuita pundutso.

Nguva yakwana yekuti usimudzire kunamata kwako nekuwedzera kuverenga kwakoshoko raMwari. Unofanira kukura pamweya kudarikazvakuri uchienda panechikamu chepamusoro. Dambudziko rine maKristu akawanda nderekuti havaobe kuti hupenyu hunotungamirirwa nemweya nguva dzese, vachingoona zvepanyama vofunga kuti ndizvo zvakakosha. Unofanirwa kusimba pane zvinhu zvemweya wonyatsonzwisisa mashandiro azvo. Ukakwanisa kudaro chete unorarama hupenyu hwako uinepundutso nguva dzese.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakangwarira muzvinhu zvemweya; Handishandise simba repanyama pakugadzirisa matambudziko andinosangana nawo. Ndine simba pamusoro pezvinoitika muhupenyu hwanagu. Handingitwa munhuwozvake nekuti ari mandiri mukuru kudarika aripanyika.**

### MAVHESI EKUVERENGA

3 Johane 1:2



**Johane 14:13**

**Chinhu chipi nechipi chamunokumbira muzita rangu, ndichachiita kuti Baba vakudzwe mumwanakomana.**

Ndirikuda kuti uongorore kuti vhesi iri ririkunyatsoti: "ndichachiita", harina zvimwe zvarataura. Unoona, vanhu vakawanda vanobatisisa pekuti chipi nechipi, asi havanzwisise panonzi naJesu chinhu ichocho chinenge chataurwa ndichachiita. Haumbofa wakanzwisisa kukosha kwemunamato, kusvikira wabatisisa chikonzero chinoita kuti tinamate. Munhurume kana munhukadzi anonamata, munhu anopidigura mamiriro ezvinhu. Zvakavanzika zviri mukunamata, zviripakunzwisisa kuti uriani muna Kristu! Dzidzira kunamata semuKristu nekuti hakuna munhu anonzi murwi wekunamata!

Pafunge kuti bhaibheri kana richiti urimukundi nekudarikidza kuti rinenge richiti unenge uchirwa nani kusvikira wazopihwa zita rakadaro? Mwari anoshanda newe maringe nechinhu chaunenge uchida, chinenge chirimushoko rake. Pahunenge uchinamata unofanirwa kupa Mwari chinzvimo chekuti vapindire muhupenyu hwako. Saka unofanirwa kunyatsotaura zvaunenge uchida paunenge uchinamata. Munamato unopa Mwari rezenesi rekushanda panerino pasi. Saka kana uchivapa rezenesi iri unofanirwa kunyatsodudza zvaunenge uchida kuti vakuitire. Kristu ari mauri ndiye anenge achitaura, saka panechokwadi chekuti munamato wako unopindurwa.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinokunda zvese zvinondiwire muhupenyu hwangu; Hupenyu hwangu hwekunamata hunondipa simba rekutaura naMwari pamusoro pezvandinenge ndichida kuona zvichishandurwa muhupenyu hwangu, nemumhuri yangu uye zvichaitika sekukumbira kwangu nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 7:7

# GoodNews

DAILY

# Kids



Chipli, Nyamavh



**1 VaKorinde 15:31**

**Ndinopika hamadzangu nokuzvirumbidza kwandiinako pamusoro penyu munaKristu Jesu Ishe wedu, kufi ndinofa zuva rimwe rimwe.**

Husiku hwega hwega muviri wako unoshandurwa nenzira inoshamisa: muviriwako unotenda kuti unenge wafa. Asi senzira yekuti uenderere mberi urimupenyu, pfungwa dzako dzinokonzeresa kuti dzimwe mhasuro dzako dzingedzichifamba famba zvekuti unona uchivhondukauchimuka kana paine zvinenge zvakanganisika mumuviri wako wakararara. Zvinoita sekunge muviri wako wakaverenga vhesi redu ranhasi, zvekuti unotofa zuva rega rega. Zvinoita kunge zvinhu zvinoshamisa kuti zvakadai zvinzi zvinoitika, asi kufakwemuviri wako husiku hwega hwega kwakakoshera kuti uenderere mberi urimupenyu!

Kungoerekana taita zvimwe zvinhu tisina kufunga kunonzwisika, asi chinoita kuti tisanangurike, isimba ratinaro rekusarudza mapinduriro atinoita kana tichinge tasangana nezvimwe zvinhu muhupenyu. Pane kuti fizvikanganise nekuda kwekuzvikudza, kuva nehasha, dzidzira kufa pazviri zuva rega rega. Nyatsotora nguva yako uchizviongorora, twutsika twaunatwo, nedzimwe pfungwa dzaunenge uinadzo idzo dzinogona kukuganganisa pamararamiro ako woita sarudzo yekufa kwazviri zuva rega rega kuitira kuti uwane zororo rakakwana nemufaro uzere. Izvezvi sarudza kukanganwira nekuregerera vaunofunga kuti vanenge vakuganganisira, wova nendangariro dzekuti wakafa pakukakavadzana nevanhu nekuzvikudza!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinopihwa simba naMweya Mutvene uyo anondiropafadza nekundipa runyararo nemufaro usingapere! Handitongwe nezvinhu zvinokanganisa hunhu hwangu nekuunza nyonganyonga muhupenyu hwangu. Handina chinondikanganisa muhupenyu hwangu nekuti runyararo rwunobva kuna Mwari rwunokunda zvese zvinoda kundikanganisa.**

### MAVHESI EKUVERENGA:

VaKorose 3:14-15

**VaEfesu 1:11**

**Munaiye takaitwawo nhaka maari yatakatemerwa kare nokuraira kwaiye unoitwa zvose nokufunga kwokuda kwake:**

Kuwana ruzivo rwerudzi rwekwawakaberekwa kunoita kuti uzive zvakawanda pamusoro pehutanho hwako nekuti hungachengetedzwe sei. Nyanzvi dzeruzivo rwescience dzinoti dzinza rako rinogona kuratidza zvirwere nehurema, hunowanikwa kuneverudzi rwako. Zvese izvi zvinogona kufumurwa kuburikidza nemashoko anotaurwa kana aunotaura pamusoro pako. Mashoko aunotaura anesimba pamusoro pezvirimumuviri wako!

Pandinoparidza ndinowanzotaura pamusoro peminana yakaitwa

nababavangu muparidzi Chris Oyakhilome, nasekuru vangu pamweya, Archbishop Benson Idahosa. Pandinenge ndichidaro ndinenge ndichisimbisa rudzi rwangu rwepamweya. Nzwisisa kuti hukuru simba uye nekutaurwa kwemashoko ehushingi hwedzinza rako repamweya, zvinobatsira kuti usimukire pamweya. Mugore rino rekuona denga panerino pasi, yedza nepese paunogona kuti usimukire pamweya kuburikidza nekupupura kwako nezveminanana nekukunda kwakaitwa neavo vedzinza rako pamweya. Ramba kunyarara, taura uchidada pamusoro peavo vakange varipo kare uchipupura nezvehukuru hwavo uyekufanana kwawakaita navo! Tenda kuti zvavakaita zvirimowo mauri, ugoona zvinotika kwauri izvo zvinoratidza simba revedzinza rako pamweya ravekuratidzwawo mauri!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakasanangurwa kubva muhuteru hwandaiva nahwo kare ndikawana nhaka itsva yemuhupenyu muna Kristu! Zvake zvese zvave zvangu kuti ndizvishandise!**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 Johane 4:4



**1 Johane 3:1**

**Tarira kukura kworudo rwatakaitirwa naBaba kuti tinzi vanakomana vaMwari, ndizvo zvatiriwo saka nyika haifizivi nokuti haina kumuziva iye..**

Pane musiyano uripo pakati pekuva nehurongwa nekuvapo kwechinhu. Semuenzaniso, vagadziri vedzimotokari vanenzira yavanoshandisa yekutsvara nayo vatyairi kuburikidza nekuvavimbisa kufi vave kubudisa rumwe rudzi rwe motokari inehunyanzvi inonakidza kutarisa uye ichishanda nenzira inoshamisa; asi motokari dzacho dzinenge dzisingabatikeMuono wedzimotokari idzi unogona kutipa manyukunyuku, asi unongogara urimumvuri pasina motokari yacho. Hongu mifananidzo yemotokari idzi inenge yakanaka zvikuru, asi vagadziri vadzo vanenge vasati

vanyatsogadzirira kuti dzigadzirwe. Inongogara iripfungwa yemunhu.

Vamwe vanoona kunge kuti kunzi kuna Mwari dzingori pfungwa dzemunhu, chisiri chokwadi. Asi ndirikuda kukuudza nhasim kuti Mwari varipo zvechokwadi, Haasi anonzi anouya mangwana, kana kuti anomirira kuti utange wasvika kudenga kuti uzomuona kwete; Varikuda kuva chikamu chehupenyu hwako izvezvi! Havadi kuti ugare uchirota nezvedenga richauya muneremangwana, kwete! Mwari varikuda kukuunzira denga mukati mehupenyu hwako nhasi kuitira kuti unakirwe nezvese zvavainazvo zvavari kuda kuti uzwane! Mwari vakuvhurira masuo. Chipinda unakirwe nerudo rwavo!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Rudo rwaMwari rwunondisimudza kubva mukurwadziwa, nehupenyu hwekutambudzika ndichiiswa muhurongwa hwavainahwo pamusoro pehupenyu hwangu. Ndirikutambira runyararo, mufaro, rudo nenyasha dzedenga nguva dzese.**

## MAVHESI EKUVERENGA

Jeremiya 29:11

**Muparidzi 9:11**

**Ndakadzoka ndikaona pasi pezuva kuti anomhanyisa haazi iye anokunda pakurwa, anesimba haazi iye anokunda pakurwa, akachenjera haazi iye anokunda pakurwa, vanhu vane njere havazi ivo vane pfuma, vanhu vane umhizha havazi ivo vanofarirwa, asi vanowirwa vose nenguva nezvinoitika.**

Zvinotoda kutiunge uine mweyawaMwari kuti unzwisise zvakanyorwa mumagwaro aMwari. Kana tikaverenga bhaibheri tisina zvizaruro tinenge tichingokwenya musoro nekuti tinenge tichiona kunge bhaibheri racho rine zvinopokana mariri. Semuenzaniso, "anomhanyisa haazi iye anokunda pakurwa" kana tichitarisa chirevo ichi tichishandisa pfungwa dze nyama zvinaita kunge zvinopokana nezvatinoziva kuti anomhanya ndiye anokunda nguva dzese, asi bhaibheri richitaura zvakasiyana nezvatinoziva. Nzwisisa

kuti Mwari havana nguva yekutsanangura kwauri zvavanenge vachireva; Chavainacho chaunofanirwa kuwana kubva kwavari, chizaruro chekuti vanenge vachirevei. Saka ukaona zvinenge zvichipisana mushoko ravo, Mwari vanenge vachikupa mukana wekuti unyatsonzwisisa zvakadzika pamusoro pezvavanenge vachireva.

Bhaibheri harisi bhuku rekuchikoro rakangonyorwawo kwete. Mabhuku ekuchikoro akafa, haana hupenyu, asi bhaibheri rinoti shoko raMwari ibenyu! Kana uchiriverenga unenge uchiona chokwadi chakare, chizere nekubwinya uye kunzwisisa. Wanawo simba nezvishamiso zvinowanikwa kuburikidza neshoko raMwari iro rinehupenyu! Ukavhurira mweya wako kuti udzidzise na mweyamutsvene waMwari, kunoita kuti uwane zvizaruro zvisina kujairika. Shandisa mweya mutsvene kuti akutungamirire parwendo rwekunzwisisa kwako shoko raMwari, uwaneruzivo pamusoro pezvirikuuya!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinovimba naMweya Mutsvene wamwari kuti anditungamirire pakunzwisisa kwangu hupenyu hwakadzika. Ndinotema chirevo chekuti pfungwa dzangu dzakavhurika. Mweya wangu wakavhurika uye mweya wangu wagadzirira kunzwa nekugamuchira kubva kushoko raMwari.**

**MAVHESI EKUVERENGA:**

VaHebheru 4:12

**Zvakazarurwa 1:6**

**Akatiita madzimambo navaPrista kuna Mwari Baba vake kwaari ngakuve kubwinya nesimba nokusingaper peri. Amen.**

Pachirungu zvinonzi kutadza, kana mutsetse usina kupera kunyorwa kana kutaurwa. Unoona, kugona kutaura hazvireve kuita hoche koche neavo vaunenge uchitaura navo chete, unofanirwa kunyatsovapakurira mashoko nenzira yakafanira uye yakakwana. Ukataura mitsetse muzvidimbu zvinenge zvakafanana nekutaura kwemunhu asina kuenda kuchikoro asingazive zvaanenge achitaura. Ukanyorawo tsananguro pamusoro penyaya, ukainyora muzvidimbu unofoira. Ndizvo zvimwe chete kana munhu akataura mutsetse unenge usina kupera, unogonakunzi hauzive zvau-

ri kana kunzi hauna kudzidza; uye unonzi unenge uchitaura chirungu chakatyoka” Zvimwe chetewo munyika ye mweya. Kune mitemo inofanirwa kutevedzerwa nemazvo, kuti unzi urikugona.

Mwari vanotarisisira kuti munyengetero wako utevedze zvese zvinodiwa kuti uite kuti zvinzi wagona kunyengetera. Munyengetero mutumwa waunotuma kuneremangwana rako, uye anofanirwa kunge aine mashoko akakodzera kushanda muneremangwana rako. Wakapihwa simba rekuita mikumbiro semuprista nekutema zvirevo samambo. Saka kana wakunyengetera usangoita mikumbiro chete. Pedzisa munyengetero wako samambo kuburikidza nekutema zvirevo, pamusoro pemamiriro achaita zvinhu, uchishandisa shokoraMwari!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri kutema zvirevo kubva muimba yaMwari ndichitaura mamiriro achaita hupenyu hwangu. Mazwi angu ayo akazara nekutenda anesimba zvekuti anoshandura zvese zvakandikomberedza, uye zvese zvakafa muhupenyu hwangu zvirikumuka ipapo ipapo.**

**MAVHESI EKUVERENGA:**

1 Petro 4:11

**VaKorose 1:27**

**Kuna ivoMwari waakada kuvazivisa hupfumi hwokubwinya kwechakavanzika ichochi pakati pavahedheni chokuti Kristu mukati menyu itariro yekubwinya:**

Hazvishamise here kuti gore regarega vatori venhau vanotanga kushambadza vachitaura pamusoro pemwaka wekurwara nedzihwa kuita sekunge chinotevedza chiringazuva?" Vachinogovakudaro unobva waona vanhu vavekurwara nedzihwa nenzira yakaipisa. Zvinoita sekunge chirwere ichi chinenge chakatarisawo pakarenda chikaona kuti "Yaa, nguva iya yekurwarisa vanhu nedzihwa yasvika zvakare" ipapo wona vanhu vachitanga kurwara nedzihwa nenzira yakaipa. Mazwi anenge aburwa nevatori venhau ava uye kutenda kunenge kwaita vanhu vanenge vataura pamusoro pawo zvinoita kuti chirwere chedzihwa

chiwane simba rekuvapo gore regarega. Vanhu vanobva vatanga kumhanya mhanya vachitsvaga mishonga yedzihwa uye vobva vatotangawo kurwara naro zvechokwadi. Chirwere ichi chinenge chafungwa pamusoro pachu zvakasimba nevanhu, zvekuti vakangonzwa munhu zchihotsira chete vanobva vatofunga kuti chinenge chatotanga.

Asi, mutendi wese anesimba mukati make rekukunda zvese zvingade kurwisana nehutano hwemuviri wake. Muapostora Pawuro vanodaidza simba iri vachiriti "Kristu mauri." Gara uchiziva nguva dzese kuti una Kristu mauri. Kana ukanzwa gumbo rako richirwadza, iti, "Kristu arimo mugumbo iri!" Gara ichifunga pamusoro paKristu achishanda mubhanga mako, uye nemunhengo dzese dzemuviri wako. Ramba kubvuma kuitika kwezvakaipa muhupenyu hwako. Simudza chiso chako utaure wakashinga kuti, KRISTU ARIMO MANDIRI!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinorarama ndiine ruzivo rwehuvapo hwaKristu mandiri. Mukati mangu munesimba rekukunda chero ripi zvaro dambudziko rinenge randiwira. Hupenyu hwaKristu, hurikukunda munzvimbo dzese dzehupenyu hwangu. Hutano hwangu hausikuzokanganisika uye mari yangu haimbofa yakapera. Kristu arimo mandiri! Hareruy!**

**MAVHESI EKUVERENGA:** 1 Johane 4:4



**VaRoma 10:8**

**Asi kunoreveiko? Shoko riri pedyo newe, mumuromo mako nemumwoyo mako ndiro shoko rokutenda rati-noparidza;**

Tese tinekugona kurimukati medu kusina magumo. Tinogona kufunga pamusoro pechero ripi zano ratinga-funge torizadzikisa. Kuyangwe tikasangandzana negomo tinogona kuona nzira yekupfuura nayo pakati paro zvotoitika zaisvosvo. Mwari vakakugadzira nenzira inoshamisa zvekuti hapana ndangariro yaunoita isingagone kuzadzikiswa. Zvinoreva kuti chero chaunenge wafunga pamusoro pachoch, chinogoneka. Asi zvinoda kuti uve nepfungwa dzakasimba, dzinoramba kubvuma kuona zvimhingamupinyi. Kutenda kunoita kuti zvaunoda zviitike.

Munylka yemweya, mashoko aunotaura ndiwo anogadzira nzira inobvisa zvimhinga mupinyi zvinenge zvirimo muhupenyu hwako. Paunenge uchitaura unenge uchigadzira nzira yezvaunenge uchida kuona zvichitika, uye zvaunenge uchida kuti zvibve muhupenyu hwako zvichititika sekutaura kwako. Uchaona uchigara uine matambudziko muhupenyu hwako kusvikira wavekugona kutaura. Saka tichidzinga madhimoni nemashoko ekuti: BUDA NEZITA RAJESU! Mashoko aya nobva agadzira nawo nzira yekuti madhimoni abude nayo. Chiiko chichirimo muhupenyu hwako chausirikuda kuona? Matambudziko ese emuhupenyu hwako akamirira kuti udaidzire, uwabudise muhupenyu hwako. Chako chete kungotaura shoko woaudza kuti abude. Ndiro simba raunaro muna Kristu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinekutenda kwaMwari mandiri uko kunobvisa chero ripi dambudziko randiinenge ndiinaro. Mashoko andinotaura anesimba rekupidigura mamiriro ezvinhu, uye twutsika twakare ndatwudzinga nezita raJesus!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaEfesu 4:29

**VaFiri 4:6**

**Nusafunganya pamusoro pechinhu chimwe, asi pazvinhu zvese mikmbiro yenyu ngaiziviswe Mwari nokunyengerera nokukumbira pamwe chete nokuvonga.**

Kunyengerera kwakakosha zvikuru muhupenyu n hwemuKristu wese, uye inzira yakasimba yekusimbisa nayo hukama naMwari. Patinonamata tinowana mukana wekunzwa zvinotaurwa nababavedu vekudenga uye tinovabvumira kuti vabvise kufunganya mukati medu. Kana tikanyengerera tichishandisa shoko raMwari tinowedzera simba redu rekunzwa zvinenge zvichitaurwa naJehovha zvowedzerawo kutenda kwedu mavari. Hochekeche yedu naMwari inosimba, towedzerwa huchenjeri uho hunongobva kunaiye

anonyatsoziva kuti tiri ana ani

Munyengerero unosimbisa zvakare mweya yedu, nekutibatsira kuti tifunge zvakanaka panguva iyo tinenge tavekudzungaira, uye unotitungamirira kuburikidza nekupindira kwamweya mutsvene anotibatsira kuti tirarame hupenyu hwedu tichitevedza kuda kwaMwari. Tinowana simba nehushingi patinosangana nezvakaoma kana matambudziko. Kana zvinhu zvaoma, munyengetero unotiyeuchidza kuti hatisi tega, uyekuti hazvinei maomero anenge akaita dambudziko ratinenge tiinaro, Mwari vanenge varipo. Saka rega kutya kutaura pfungwa dzako, uye kutaura pamusoro pezvaunenge uchinzwa kana zvinokunetsa kuna Mwari. Daidzira kuna Mwari nhasi; minyengetero yako vanoinzwa!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinodiswira naMwari. Hakuna chinondinetsa muhupenyu hwangu chavasingakoshese. Zvese zvirori maererano nehupenyu hwangu vanenge vachizviona, uye mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, handina chirikundishungurudza!**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 5:7; VaFiri 4:7

**VaFiripi 4:4**

**Fara munaShe nguva dzose, ndati zvaka-kare Fara.**

Mazuva ano zvakaoma kuti tipemberer kana kuvanetariro yekuona zvakanaka zvichiitika. Pasi rese pazara nehunhu hwakaipa uye nhau dzezvakaipa zvirikuitika pasi rese ndidzo dzirikugara dzichibuda mazuva ese zvekuti zvakuita sekuti hakusisina chinhu chekupemberera pamusoro pachacho. Vanhu vakawanda havazive kuti kune musiyano uripo pakati pekufara nekuvanemufaro. Zvese kuvanemufaro nekufara zvinounza kunakidzwa. Asi panemusiyano mukuru pakati pezviviri izvi. Kufara kunounzwa nezvinhu zvinenge zvaitika, asi mufaro unobva kuna Mwari uye unogara nekusingapere.

Kuvanemufaro itsika yekudenga, uye iweurichizvara chedenga, saka zvinoreva kuti itsika yako kuva nemufaro nguva dzese, kunyangwe zviite sei. Kana shoko raMwari richikuudza kuti fara, zvinoreva kuti zvinhu zvinogoneka kuitika. Saka kana zvinhu zvichiita kunge zvakaoma muhupenyu, regakutarisa nemaziso enyama kana zvakakukomberedza wozviudza kuti, "Ndirimunashe – nzvimbo yemufaro usingapere!" Haambofa akakusiya kana kushaya hanya newe, zvichireva kuti mufaro wake unogara uripo kuti uvewako. Saka itasarudzo yekuvanemufaro nguva dzese kunyangwe zviite sei!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mufaro wangu wakatsigirwa naMwari asingashanduke, Handinetseki kana paine zvinenge zvichitika munharaunda mangu kana muhupenyu hwangu, ndini ndinoitika kunezvakanzikomberedza, ndinobudirira uye ndichapupura nekupupura, nekupupura nekupupura!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaGaratiya 5:22-23

**Deuteronomio 30:19**

**Ndinodana kudenga napasi kukupurirai nhasi kuti ndaisa pamberi pako hupenyu no rufu kuropafadzwa nokutukwa, naizvozvo tsaura hupenyu kuti urarame iwe nevana vako:**

Kana uchinzi urikushandisa ruzivo unenge uchishandisa hunyanzvi, netsvakurudzo kuti ugone kusarudza zvekuita. Zvinoreva kunyatsofungisisa pamusoro pechinhu wozopendera uchiita sarudzo yakanaka inokuunzira zvakanaka, uye zvinemusoro. Ruzivo rwunoita zvakare kuti ugonekuwana mhinduro nenzira yakajeka pasina kuita fembera fembera. Kuita zvinhu zvineruzivo zvinaita kuti uite sarudzo yakakunakira. Asi kana tavekutaura pamusoro pehuta-no unoona kuti kunogona kuitwa sarudzo isina ruzivo. Semuenzaniso kana wakambooparetwa, wakabvumidza munhu wausingazive aizviti ndichiremba

kuti akukotsirise akakuvhiya muviri wako, pedzezvo akakubhadharisa zviuru zvemadhura zvakananda zvekukurwadzisa kwaakakuita, usina kana kumboita tsvakurudzo pamusoro pemunhu uyu, kuti ndichiremba wechokwadi here uye kuti anema pepa akakwana here sachiremba.

Hongu kurapwa nanachiremba kunogona kubatsira asi shoko raMwari rinoita zvinokunda ruzivo, uye rinorapa nyore nyore chirwere chichipera usinakurwadziwa, uye pasina muripo waunobhadhara. Chako iwe kutenda kuti urikuporeswa wochengetedza kutenda kwako. Usabvumire ruzivo rwepanyika kuti rwukanganise kuitikakwezvinhu munyika yemweya, zvinonzi hazviitike. Kutenda kwechokwadi kuziva kuti Mwari anoita zvaakataura kutianoita mushoko rake. Ivo Mwari vanoti kunyangwe usingazive kuti zvichafamba sei, iwe tenda chete. Chipindawo muchikamu chekurapa chaMwari kubvira nhasi, kuburikidza nekuziva kwako shoko ravo, uone uchiporeswa zvemunana!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikutema chirevo chekuti ndichararama hupenyu hwangu ndisingarware, ndisiri murombo ndisingashaye chinhu nezita guru raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 VaKorinde 1:25

**VaEfesu 5:16**

**Mungwarire nguva yenyu nekuti mazuva aipa.**

Mazuva anotavekukoshesa kushandisa nharembuzha dzedu zvekuti tsvakurudzo yakaitwa yakaona kuti munhu anotarisa nekushandisa nharembuzha yake kanokwana kuita zviuru zviviri nemazana matanhatu negumi nenomwe pazuva! Uye vanhu vanogara pamasaisai esocial media kanokwana kuita maaw maviri nemaminiti makumi maviri netatu pazuva. Zvinonzi hapana muripo waunobhadhara kuti uende pamasaisai e social media. Asi hapana chemahara muhupenyu nekuti kana chinhu chikanzi chirikuoihwa pachena ziva kuti urikubhadhara nemumwe mutowo uye apa unenge uchibhadhara nenguva yako. Mafoni akatorawo nzvimbo yezvirinazuva zvekuti chatova chijairire kuona munhu achitambanud-

za ruoko rwake achitora foni yake paanenge avekumuke zuva rega ega.

Ndirikukurudzira kuti ushandure maitiro aya worega kutora foni yako mangwanani wotsvaga Mwari paunomuka pese. Wananguva yekupfugama woita munyengetero wemangwanani, uchitenda Mwari, wosimbisa hukama hwako navo. Wapedza munyengetero ibva watemala zvirevo, woudza zuva kuti rinofanirwa kunge rakamira sei, nezvarinofanira kukuitira. Usamire ipapo tsaura zvakare maminiti matanhatu pa awa rega rega ekunamata zuva rese. Zvinogona kuita sezvinhu zvakaoma kuita pamazuva ekutanga asi uchaona kuti maminiti matanhatu haana kureba kudarika kuimbwa kwerwiyo! Shanduko diki iyi ikaitika muhupenyu hwako, unoona kuti unenge watodzikisa gejo pakunamata nekuti unenge wavekugona kudaro paawa yega yega!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mashoko andinotaura anofemerwa neshoko raMwari. Zuva rega rega ndinofanoronga mamiriro achange akaita remangwana rangu kuburikidza nemunamato, remangwana rangu rinotevedza hwaro hwindinopa kuburikidza nemashoko andinenge ndataura. Handina mashoko anowira pasi!**

### MAVHESI EKUVERENGA:

MuProfita Isaya 55:10-11

**Mateo 22:32**

**Mwari akati, 'Ndini Mwari waAbrahamu, Mwari walsaka, naMwari waJakobho.**

Zvinonzi zitaremunhu rinonakidza muridzi waro zvikuru kana achidaidzwa naro. Zita rakakosha nekuti ndiro rinoita kuti muridzi waro azivikanwe neveruzhinji. Ndiro zvakare rinoita kuti tisiyane nevamwe. Mazita akakosha uye unoonamubhaibheri Mwari vachiita hochekoche nemazita evanhu vakaita sa Abrahamu, Isaka, naJakobo.

Mazita ano[porofita] zvakare. Chimbozvifungawo izvi. Pese paunodeedza munhu nezita, unenge uchitotema chirevo kuburikidza nezita racho. Ndosaka zvakakosha kuti Mweya Mutsvene akutungamirire akuudze zita, paunenge

uchida kupa mwana achangizvarwa zita. Ndakambonzwa mumwe mwana achinzi Chaos izvo zvinoreva dambudziko. Amai vake vaigara vachinetseka kuti sei aigara achiita misikanzwa. Wananguva yekuita tsvakurudzo pamusoro pezita rako kuti rinorevei. Kana risiri zita rinodiwa naMwari, rishandure.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinoramba nezitarangu, harisikuzoshandiswa newakaipa kushandura hunhu hwangu. Ndiri zvandakanzi naMwari ndiri, uye ndinoita zvandakanzi naMwari ndinoita. Ndirimupfumi, ndakaropafadzwa uye ndirikukwira ndichingoenda kumusoro. Ndine rupawo rwekupfuma, nekubudirira gore rino, kudzamara nekusingaperi.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 1:21

**VaHebheru 1:14**

**Ko havazi vose mweya inoshumira yakatumwa kuzobata nokuda kwavandya nhaka yokuponeswa here?**

Mushandi asina basa rekuita unomudaidza uchiti chii? Mhinduro inyore uye ndeyekuti haashande! Zvinoita kunge zvinosetsa, asi maKristu akawanda haasi kushandisa vatumwa vaakapihwa naMwari. Unoona, wakapihwa vatumwa naMwari kuti vakushandire. Bhaibheri rinoti basa ravo nderekutumwa newe. Mwari vakakupa vatumwa ava kuti vakushandire. Asika vatumwa ava zvisikwa zvinotevedza mirayiro. Vanoita zvavanenge vatumwa kuti vaite, avazviye basa rekuita.

Ndinogara ndichiti maKristu haape zvaanofanira kupa, anongopa

zvaanenge audzwa kuti ape. Zvimwe chete nevatumwa. Haukwanise kuvadzidzisa kuti kana uchida kuvatuma unoita sei. Vanongoita chete zvavanenge vaudzwa kuti vaite. Vanorairwa voita sekurayirwa kwacho. Ukasavapa zvekuita zuva rega rega, vanongomira voita kunge vahandi vasina basa rekuita. Usatambise zvawakapihwa naMwari kuti ushandise uchisiya vatumwa vasina basa rekuita. Vaudze zvekuita!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinotonga mauto evatumwa. Mashoko andinotaura azere neshoko raMwari. Pandinotaura vatumwa vanondinzwa uye voita zvandinenge ndataura. Ndirikurayira vatumwa kuti vaende mberi kwangu vachindivhurira mikova yemikana. Ndirikutema chirevo chekuti mari yangu irikuuya!**

**MAVHESI EKVURENGA**

Mabasa AvaPostori 12:1-11

**Zvirevo 8:13**

**Kutya Jehovha ndiko kuvenga zvakaipa, kuzvikudza nama nyawi nenzira yakaipa Nomuromo unonyengedzera ndinozvivenga.**

Muvengi anoshandisa nzira dzakavanda dzinonyengera ndosaka uchiona maKristu akawanda achiita zvinhu zvinovengwa naMwari. Izvi zvinokonzeresa kupokana pamweya uyekufuririka. Semuenzaniso maKristu anoseka achi-fadzwa nekuona munhurume akapfeka zvipfeko zvechidzimai achiita semunhukadzi, asi ivo Mwari vachiti zvinhu zvakadaro zvinovanyangadza. Vamwe vanoita hupombwe nekurarama zvisingadiwe naMwari uye unoona zvakare vachiona zvivhitvhiti kwenguva yakareba pfungwa dzavo dzichivhiringidzwa newakaipa kuburikidza nekuona

kwavanenge vachiita zvirongwa zvakan'ora. Hazvifanirwe kudaro vadikanwi.

Zvakaoma kuburitsa munhu mubhawa kuti aite zvakanaka iwe ugere pedyo naye mubhawa iroro uchinwa Stella Artois. Kushumira kwako kunoshaya basa, uye panemukana wekuti munhu wawakambenge watendeutsa anodzokera kumarutsi. Patave kudzika nehushumiri, panofanirwa kuonekwa kuti waMwari ndeupi asiri wake ndeupi. Kutya Mwari kwakakosha panguva yakadai. Kutya Mwari zvinoreva kuti ida zvinodiwa naMwari nekuvenga zvinovengwa naMwari. Mwari ndivo vanokuratidza zvasingade. Saka nyatsoratidza pachena kwawakarerekera, usakanganise kuparidza kwako.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikusimbisa kurerekera kwangu kuna Mwari. Ndinorarama hupenyu hwangu ndichitevedza zvirimushoko raMwari, uye handipe muvengi mukana.**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 6:14-18



**Maraki 3:11**

**Ndichatukawo udyi nokuda kwenyu, arege kuparadza zvibereko zveminda yenyu nemizambiringa yenyu haingazuki zvibereko zvayo mumunda nguva isati yasvika ndizvo zvinotaura Jehovha wehondo.**

Kupa chegumi kutevera murairo wepamweya uye wakatanga mutestamende tsaru uye unowana zvakare uchitevedzwa muTestamende itsva. Chegumi chakabviswa kwekutanga chakanyorwa nezvacho muna Genesisi 14:20, apo Abhurahamu akapa chegumi kumuprista aino Melchizedek. Izvi zvakaitika zvakare Mwari vasati vapamirayiro kuvana valsraeri. Mosezi akange asati atombozvarwa pakaitika chiitiko ichi! Kubvisa chegumi kutevera mutemo urimayerano nacho nekutenda!

Kuratidza kuremekedza Mwari semupiwezvese, nemuchengetedzi wezvese zvaakakupafadza nazvo. Kunezvimwewo zviwanikwa zvinopihwa kune uyo anopa chegumi. Mwari vanovimbisa “kudzvinga zvipfukuto.”

Zvinoziva kuti chese chaunoverenga kuti iropafadzo muhupenyu hwako chinofanirwa kuti chichengetedzwe. Wakaipa haabvumidzwe kubata mari yako, zvepauviru zvako, bhizimusi rako, muchato wako, vana vako, hushumiri hwako kana hutano hwako. Saka kana paine pawakabatwa napo newakaipa, muudze kuti aregedze zvakapahwa namwari. Mwari vanotokutsigira chete!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Gore rino rese rekuona denga pane rino pasi, Mwari vachanditsigira nezita raJesu! Hurongwa hwese hwemuvengi wabviswa! Wakaipa haasi kuzokwanisa kuti zvirongwa zvake zvi-budirire pamusoro pangu nezita guru raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Maraki 3:10-12

**Genesisi 1:26**

Mwari akati ngatiite munhu nomufananidzo wedu akafanana nesu, ngaave nesimba pamusoro pehove dzegungwa napamusoro peshiri dzedenga napamusoro pezvipfwo, napamusoro penyika yose, napamusoro pezvipenyu zvose zvinokambaira panika

Mwari vakatigadzira nemufananidzo wavo, asi unomboziva here chikonzero chezvazvziitira? Rega nditsanangure ndichiti. Uya anoruka magirovhosi anonyatsorongedza zvishandiso zvake onyatsoruka zvakana kusvikira apedza. Paanenge achiruka paye, pfungwa yake inenge iriyekuti girovhosi raanenge achiruka iri rinyatsokwana muruoko. Mwari pavakakusika, vakange vaine pfungwa imwe chete

neyoyo yekuti vanyatsokwana mauri.

Ruoko rwukafamba, negirovhosi rinofambawo. Rinobatawo zvinobatwa neruoko, nekuregedza kubata zvinenge zvaregedza kubatwa neruoko. Zvivi izvi zvinofamba pamwe chete zvekuti panenge pasina musiyano pakati peruoko rwurimukati megirovhosi negirovhosi racho. Mwari vanoshuvira kuvamumwe chete newe. UriMwari vanenge vachifamba paunenge uchifamba, paunofamba Mwari vanofambawo. Paunotaura ndiMwari vanenge vachitaura. Mwari vari mauri, uye vaneshuviro yekuzara mukati mako zvakaperera kuti uve chisikwa chedenga.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirimufananidzo waMwari. Ndinofamba, kutaura, kufunga kupindura savo. Pfungwa dzangu dzakafanana nedzaMwari, uye mashoko angu ndeavo. Zvandinonzwa ivo vanozvinzwawo. Ndinozvipira wese kuti ivo vazadzikise basa ravakandisikira kuti ndiite.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaGaratiya 4:19



### 1 Johane 4:17

**Rudo rwakakwaniswa matiri pachinhu ichi kuti tirege kutya nezuva rokutongwa nokuti sezvaakaita iye ndizvo zvatakaita wo panyika ino.**

Shumba imhuka dzhumambo idzo dzinowanikwa mumasango eAfrica. Dzinozivanwa pamusoro pesimba radzo, kugona kumhanya uye hushingi. Chinhu chinoshamisa uye chinonakidza kuona shumba ichi omba. Makushe adzo anoyevedza, akanaka uye anoratidza simba rinenge ririmushumba idzi. Dzinemarudzi akasiyana anoita kuti dzivezvisikwa zvakanaka zvinoonekera pakati pezvimwe zvisikwa. Psi rese shumba chiratidzo chehushe, uye nyika dzakawanda dzinoredziremekedza nenyaya yekuti imhuka dzakashinga. Shumba imhuka dzinoshamisa!

Hzivshamise kuti sei Ishe Jesu vachifananidzwa neshumba. Shoko raMwari rinovadaidza richivati ishumba yerudzi rwaJudah uye iwe wakafanana navo. Unesimba, unehushe uye wakashinga. Unerupawo rwaMwari pauri urwo rwunokusiyanisa neveruzhinji. Uriwehushe! Mwari varikuda kuti uzive kuti uriani. Urichisikwa chinoshamisa! Hazvimo mauri kuti utyichidzirwe nechero upi mhunhu kana chinhu. Shumba irimauri! Saka muka mangwanani ega ega uchiomba uchidzinga chero chipi chinenge chichida kukuvhundutsira!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Handitye chinhu! Pandinotaura, ndinotaura mashoko aMwari anesimba uye akasanangurika. Kwese kwandinoenda ndinotakura mhengo yedenga. Ndinidzidzira. Ndashamisa kwese!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Zvakazarurwa 5:5





BECOME A **GoodNews** PARTNER TODAY BY VISITING  
DAILY  
[WWW.GOODNEWSWORLD.COM/GNDPARTNER](http://WWW.GOODNEWSWORLD.COM/GNDPARTNER)

# GoodNews

DAILY

EVANGELISM





## 2 Timoti 1:6

**Nemhaka iyi ndinokuyevudzira kuti ukuchidzire chipiwa chaMwari chiri mauri nokuiswa kwamaoko angu.**

Vadzidzi vezveruzivo rwezvemweya vakawanda, vafundisi nevarayiridzi veshoko vakawanda vanoedza kunzvera zvinorehwa nevhesi iri, uye kana vave kudzidzisa pamusoro paro, vanoti chipo chirikutaurwa nezvacho muvhesi iri, chimwe chezvipo zvaMweya Mutsvene. Asi chipo cgirikutaurwa nezvacho apa ndiMweya Mutsvene, iye mupi wezvipo zvamweya mutsvene amene! Zvinokana Mweya Mutsvene arimauri nechekare arichipo chinofanirwa kuti chikuchidzirwe unozviita sei? Munhu anokuchidzirwa sei? Unoita kuti akurangarire.

Muimbi weMapisarema akanzwisisa nokubatisisa nyaya iyi, ndosaka munaMapisarema 103 achitikurudzira kuti tinofanirwa kuzviyeuchidza nguva zvese pamusoro pezvatinowana kubva kunaMwari. Kana uchida kupfutidza moto mauri, zviyeuchidze pamusoro pezvese zvawakaitirwa nezvauri kuitirwa naMwari! Mwari vanoda kuti ugare uchipisa pamusoro pavo. Saka kana ukaona wavekutonhora wavekutadza kunamata nekusaverenga bhaibheri, wavekugara uchitya, uchinetsika nekufunganya, mutsa moto! Ramba uchizviyeuchidza pamusoro pezvese zvawakaitirwa naMwari, kusvikira kubwinya kwaMweya Mutsvene kwave kuoneka panechese chehupenyu hwako!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Moto waMwari urimandiri uye chiyedza change chirikubwinya nenzira inoshamisa zvekuti chinopoifamadza vavengi vangu. Mugore rinorekuona denga panerinopasi ndakanyura mumotowaMwari, zvekuti nyika yese ichandiona ndichipfuta nawo!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 103:1-5

**Ruka 21:1-3**

**Zvino wakati achitarisa akaona vapfumi vachiisa zvipo zvavo muchivigiro chemari.**

Tinoshumira Mwari akajaira kupihwa zvipo zvemhando yepamusoro uyenezira yakasanangurika. Semuenzaniso. Mambo Dhavhidhi paakatora Areka kubva kumba kwaObedhi-Edomu uko kwayakange yakachengeterwa, Dhavhidhi aipa chipiriso chemombe mbiri svinu, pese paifamba vatakuri veAreka iyi nhano tanhatu. Pafunge kuti pakapihwa zvipiriso kanodarika zviru zvitatu parushando rwumwe chete. Asi, chakakosha apa hadzisi mombe dzakapihwa sezvipiriso uye kana taku- taura pamusoro pako haisi mari yaunopa kuna Mwari yakakosha nekuti Mwari havadi mari yako, asikuremekedzwa

nezvese zvaunazvo!

Mwari vanofarira kuona zvaunenge wasara uinazvo pane zvaunobvisa, nekuti ndizvo zvinoratidza chiyero chako chekuvaremekedza nacho. Ndosaka Ishe vakabvumira shirikadzi kuti ipe mari yayakange iinayo, Ishe vakagona kupa mutongo wekuti yakange yapa kudarika vapfumi vakange vapa mari yakawanda. Shirikadzi iyi yakange yapa mari yayo yese kunashe wayairemekedza. Paunopa, nzwisisa kuti Mwari vanemvumoyekuramba kutambira chipiriso chinenge chisingavaremekedze. Saka vape zvipo zvakakosha zvaunoona zviinehuremu uchiratidza kuti unovada uye kuti unovaremekedza, uyezve uchiratidza kuti zvinofadza mwoyo wavo kana uchivapa uine mufaro.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakusimudzira kupa kwangu kuna Mwari kuburikidza nekuvapa zvinenge zvakakosha kwandiri, senzira yekuvaremekedza.**

## MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 21:1-4

**Ruka 17:6**

**Ishe akati kana maiva nekutenda kwakaita setsanga yemastarda maiti kumuonde uyu Dzurwa usimwe mungwa. Uchakuteereri.**

Vhesi rinoti "Kutenda kwakaita setsanga yemastarda" rinozivikanwa zvikuru nevatendi vakawanda. Asi vazhinji havanzwisisse zvarinoreva. Mwari, ndiMwari wekutenda, uye hapana chavo chinganzi chidiki. Ndiye akakupa kutenda kwauinako nhasi. Saka kana Ishe Jesu vachitaurapamusoro pekuva nekutenda kwakaita serutsanga rwe-marstada vakange vasingareve kukura kwekutenda kwako, asi pamusoro pazvinokwanisa kuitwa nako. Ishe vakange vasingati unofanirwa kuva nekutenda kushoma kwete, nekuti havafare kana munhu ainekutenda kushoma.

Kutenda kwaMwari kunotevedzera hunhu hwetsanga yemastarda, nekuti kukuru zvikuru, kunobva pakanhu kadiki kuchisika chinhu chakakurisisa. Kutenda kwakadai kunoitika kana uchikushandisa, chinova ndicho chinhu chinotarisirwa naMwari kuti uchiite. Saka shandisa kutenda kwako wotanga pazvinhu zvidiki kuchikura zvakadaro. Wozoshandisa kutenda kwako pazvinhu zvikuru kusvikira kwakurisisa!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinekutenda kwakaita sekwaMwari. Saka ndakashongedzwa zvekuti ndinokwanisa kutarisana nechero dambudziko, ndichikunda. Nhasi ndirikutsvaga mamonya ekuti ndikunde, nekuti kutenda kwangu hakuzunguzike. Kuburikidza nekunzwa kwangu shoko raMwari nguva dzese kutenda kwangu kurikusimuikira, uye hakukundikane!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 8:23-26





## 2 VaKorinde 9:8

**Mwari anogona kukuwanzira nyasha dzose kuti nguva dzose muvenokuringana kwose pazvose kuti muwanze mabasa ose akanaka:**

Chimbofunga uchirarama hupenyu hwako uine zvese usingafanirwe kutsvaga mari yekurarama nayo. Nd-iwo hupenyu hunodiwa naMwari kuti uhurarama. Zvinopa muyedzo kupa munhu wese anokumbira kana kupa rutsigiro kumasangano anobatsira anenge akumbira mari, asi zvakakosha kuziva kuti hurongwa hwaMwari ndehwekuti ugone kuzviraramira uine zvese usingashaye. Bhaibheri rinotidzidzisa kuti tipe kumunhu wese anenge atikumbira, asi hazvireve kuti tinofanira kuvapa zvese zvavanenge vakumbira kwatiri.

Kana uchida kupfuma dzidza kubva kuvanhu vakapfuma. Kuwana ruzivo rwakakwana ndiyo svumbunuro inokuvhurirapfuma. Ichokwadi kuti vakapfuma vanogona kunge vaine mari yekukubatsira nayo, asi vanoziwa kuti rubatsiro rwokupapa mari harwana zvakananda zvarwunokuitira muhupenyu, kana vakasakudzidzisa kuti uwanewo yako mari ugone kuzvibatsira. Saka zvirikunzi zvekubatsirwa nazvo unozvipihwa mushure mekunge mabasa ezvakanaka awanzwa." Saka unosvika sei pachiyero chekuzviwanira wega zvakananda? Unozviwana kubva muruzivo rwaunowana kubva mukuverenga kwako nekuziva shoko raMwariedge uye nekupa kuti hurongwa hwaMwari huenderere mberi. Paunenge uchipa kuna Mwari, ivo vanenge vachikupawo.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Shoko raMwari rinondipa ruzivo rwekunzvera pamusoro pezvakanaka uye ndinopihwa huchenjeri hwezvekupa kuna Mwari. Mugore rino rekurarama hupenyu hwedengapanerino pasi ndichapa zvakanadarikidza, zvisati zvamboitika. Hareruyah!**

## MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 5:14

**VaRoma 12:3**

**Nokuti nenyasha dzandakapihwa ndinoudza mumwe nomumwe kuti arege kuzvifunga kuti mukuru kupfuura paanofanira kufunga napo, asi afunge nokufunga kwakachenjera mumwe nomumwe nechiyero chekutenda sez-vaakagoverwa naMwari.**

Kana usinganzwe zvakanaka uchirwara, nhau dzakanaka dzandirikukugira ndedzekuti urikupora chero ipi nguva. Zvinoita kunge zvinhu zvirinyore asi chirichokwadi. Rangarira kuti kugamuchidzwa kuporeswa hakutane chinotora nguva zviratidzo zvacho zvekuporeswa, zvichienderana nekutenda kwauinako. Kuti utende mukuporeswa unofanira kuva neruzivo pamusoro pako kubva mushoko raMwari. Rangarira zvakare kuti zviyero

zvekutenda zvakasiyina sakahaukwanise kushandisa chiyero chekutenda chimwe chete pazvinhu zvese, kunofanirwa kukura zvichienderana nedambudziko rinenge rakuwira.

Wakambokoniwa here pawakambosangana nedambudziko rawakange usina kugadzirira zvikaenda nepamwe ukakundikana? Zvinhu zvinorwadza izvi kana zvaitika, asi ndikokukanganisa kunoita vakawanda. Saka zvinogadziriswa sei? Ungorora kutendakwako wokushandisa pazvinhu zvidiki usati wakushandisa pazvinhu zvikuri. Chizviita kuti kuite sekuzvisimbisa mamhasuro. Kuburikidza nekushandisakwako kutenda kwako, unogona kuzvinatsira pakauya dambudziko muhupenyu hwako. Rangarira kuti kutenda hachisi chinhu chinongo erekana che buda chikakura ipao ipapo. Unofanira kuramba uchikushandisa, uchishingiri- ra uchigona kumirira, kusvika kwakura.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinotenda musimba reshoko raMwari kuti rakatindikwanira zvekuti ndinokwanisa kurishandisa kupidigura mamiriro akaita zvinhu muhupenyu hwangu! Ndinoshandisa shoko raMwari kuti ndiwedzere nekusimbisa kutenda kwangu zuva rega rega!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 1:16-17

**Jakobho 1:19**

**Munoziva henyu izvozvo hama dzangu dzinodikanwa. Asi munhu mumwe nomumwe ngaakurumidze kunzwa anonoke kutaura anonoke kutsamwa.**

Ukanzwa kana kuona pave nechiy-euchidzo chekuti ngwarira, ibva watoziva kuti panenge pavenenjodzi inenge yave kuda kuitika. Zvinenge zvichitoda kuti munhu wese anenge aripedyo akurumidze kutora matanho ekuzvidzvirira uye kugara vanhu vakagadzirira. Nguva inenge yakakosha kuchengetedzwa kana paita chenjedzo yekuti pavekuda kuitika njodzi, uye vanhu vanofanirwa kurangana nokubvumirana nechimbi chimbi pamusoro pematanho anofanirwa kuto rwa pakudzvirira nekuchengetedza vanhu nembatya kubva kunjodzi. Kuchenjedzwa kunoita kuti vanhu varangarire nguva dzose kuti nguva yakakosha, uye kuti matanho ekudzvirira anofanirwa kutorwa nekukurumidza, zvikuru sei kana iri chenjedzo iri mayer-

ana nekuti hupenyu hunenge hwave panjodzi. Varipadyo vanofanira kutora matanho nekukurumidza kekudzvirira kuitika kwenjodzi.

Iye zvino nyika yemweya irikupayambiro nechenjedzo yekuti zvinhu hazvisisina kumira zvakanaka. Asi hazvireve kuti zvinhu zvinofanira kukutyisa kana kuvhundutsa. Unofanirwa kuwana simba rekuti unozvikunda sei uye ukagona kudaro unowana mubairo wakakura.

Vara rega rega raunotaura rakakosha uye rinovhurira mweya nzira yekuuya kwauri. Saka zvakuda kuti pese paunotaura uronge mazwi aunotaura zvakanaka, uchisika hupenyu hwaurikuda kurarama. Saka isachenjedzo pane zvaunotaura nemuromo wako. Tanga wafunga usati wataura worangarira kuti shoko rega rega rinobuda mumukanwa mako, rinogona kushandura mamiriro akaita zvinhu muhupenyu hwaako. Ziva kuti urikuunza rufu kana hupenyu, uye ukataura zvakanaka unonzvenga kuitika kwenjodzi.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikutema chirevo chekuti ndichaona denga panerinopasi muhutano hwangu, pamari yangu, mararamiro angu uye nemumashoko andinotaura. Ndichaona zvakanaka chete zvichitika kunyanga zvikadii nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

MuProfita Isaya 54:17

**Mateo 17:27**

**Asi terege kuvagumbutsa enda kugungwa ukande chiredzo ubate hove inotanga kubuda kana washamisa muromo wayo uchawana stateri urifore uvape iro kuripira iwe neni.**

Apo nyika irikutambudzika ichisangana kuoma kwezvinhu nekusagadzikana, maKristu anemukana wakanaka wekushandisa bhanga risiri repanyika ino iro rinovapa zvese zvavanoda – bhanga iri nderekudenga uye unorishandisa nekutenda kuminana yaMwari. Jesu akaudza vadzidzi vake kuti varaure vanhu. Paaidaro aitovadaidza kuti vauye kuzoshandira Mwari uye achivaratidza imwe nzirayekuti vawane nayo chouviri hwavo yakange isingazivikanwe. Kutevedzera kwake mirayiro yaShe ndiko kwaizoita kuti Pet-

ro awane cheviri hwake nemari yekushandisa.

Mwari vanokuchengeta uye vanokuvhurira mikana yekuita mari kudarika zvawaifunga kuti zvingaitike muhupenyu hwako. Kune avo vedu vanoita zvemabhizimusi Mwari vakatipa murayiro wekuti tiitire vamwe vedu zvakanaka zvikuru sei avo vanekutenda kwakaita sekwedu – saka pinda mukudyidzana munezvemabhizimusi nemamwe maKristu! Murayiro waMwari ndewekuti tiwane mari. Patinenge tichitsvaga svumburo iyi tyezvakanwanda, zvatinowana kubva kuna Mwari hazvina magumo. Gungwa rizere nehove,” uye mugore rino remari, uchapfuma kudarika vara rekuti kupfuma!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ini ndakaita hochekeche nebhanga raMwari. Mari yangu yakachengetedzwa, handimbofa ndakashaya. Ndinokwanisa kuwana zvinhu kubva kudenga uye Mwari akandipa zvese zvandingade kuwana muhupenyu kudarika zvandingakumbire kana kufunga pamusoro pazvo!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaGaratiya 6:10

**Genesisi 1:28**

**Mwari akavaropafadza; Mwari akati kwavari Berekai muwande muzadze nyika, mubate ushe pasi muve nesimba pamusoro pehove dzemugungwa nepamusoro pezvipyenyu zvose, zvinokambaira panyika.**

Rino igore rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, uye Mwari vakaridoma segore remari kune avo vanemabhizimusi avari kuita! Saka anamuzvina bhizimusi vese vanotenda muchokwadi cheshoko raMwari nekushanda kwaro avo vachatevedzera zvirikudiwa naMwari, gore rino murikuzokunda. Kunyangwe usati wave nebhizimusi, itotanga, hausati wanonoka. Bhizimusi rinopa Mwari nzvimbo yekuisa mari. Ndakunzwa zvanzangu pauri kuti ko kana ndisina bhizimusi?

Ndirikufara kuti wabvunza kudaro.

Mwari akatiropafadza tese akatipa simba rekupfuma! Akatipazve nzira yekuti bhizimusi redu ringarame sei muvhese rimwe chete iri. Rinoti unofanirwa kuva nezvibereko:" saka ita basa rinokupa pundutso kana kugadzira chigadzirwa chaunotengesa. Vhesi iri rinotizvakare zviwanze:" zvichireva kudzikorora kugadzira chigadzirwa ichi nehunyanzvi hwakafananana. Rozoti muzadze, zvichireva kuva nezvakawanda zvekutengesera vanhu vakawanda. Pekupedzisira urikunzi ubate hushe, zvichireva kuti tonga munzvimbo inotengeserwa chigadzirwa chako!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Hakuna magumo kune zvandinogona kuita. Ndakapihwa simba nedenga rekugadzira zvakanwanda. Ndirikutema chirevo chekuti hakuna muvengi achandibata uye kuwanda kwepfuma yangu kuchanyorwa nezvako!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Deuteronomio 8:18



### 1 Johane 2:15

**Musade nyika kunyangwe nezvinhu zviri munyika, kana munhu achida nyika rudo rwaBaba haruzi maari.**

Mugore ra 1896, kwakambombwa chikwata chainzi 'What would Jesus do' (WWJD) icho chaitungamirirwa nemumwe mufundisi wechidiki uyo aikurudzira vateveri vake kuti vazvibvunze kuti dai ari Jesu aiita sei, vasati vaita chinhu kana kutora matanho. Pfungwa iyi yavekutevedzerwa nemamiriyoni akawanda evanhu pasi rese, senzira yekutivazvibatsire nayo kutora matanho akafanira nguva dzese. Chirevo ichi chavekutevedzwa setsika, uye chirkuonekwa pane zvese zvirikutungamirira zviito zvevanhu mazuva ano pamabhuku uye nepandarama dzinopfekwa semucheno. Asi, pane hupenyu hwaairarama Jesu, uhwo husati hwave kutevedzerwa neveruzhinji.

Tsika iyi ndeyekuzvitsaura kubva muvanhu vakawanda.

Jesu airarama hupenyu hwakasanangurika hwekuzvipira zvakaperera kuna Mwari, uye kuteerera zvaidiwa naMwari. Kutumutevere Jesu, tinofanirwa kuti tipfuirire mberi kudarika kuita chiKristu chekungotaura nezita – tonyatsorarama nehutsvene uye kukura pazvinhu zvemweya. Kutitiwane hukama hwaka dzika naMwari, tinofanira kusiyana nekutevera zvinodiwa nenyika nemwoyo yedu yese. Hakuna imwe nzira yat-ingatevedze asi yekuramba kuita zvivi nemwoyo yedu yese. Sarudza kusiyana nehupenyu hwekuita zvivi, wotevedzera kurarama hupenyu hwako uchiita kuda kwaMwari. Ukadaro unobva waona wavekuona kunaka nezvishamiso zvinowanikwa kubva pakurarama hupenyu hwekurovererwa pamuchinjikwa.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikusimudzirwa ndichienda kuzviyero zvepamusoro apo ndirikuendera mberi nekuzvitsaura kubva kune chese chinechekuita nemweya yepanyama, ndichikoshesa hupenyu hwekurovererwa pamuchinjikwa. Ndirikurarama hupenyu uhu nemwoyo wangu wese uye handidzokere shure!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Johane 17:16



### Genesisi 5:23-24

**Mazuva ose aEnoki akange arimakore anamazana matatu namakumi matanhatu namashanu; Enoki akafamba naMwari akasazovapo nokuti Mwari wakamutora.**

Unototevedzera vamwe kuita zvinhu zvemhando yepamusoro. Ichi ichokwadi chinoitika mubhizimusi, munezvekupfaka uye munyaya dzemweya. Vanhu vanataura pamusoro pekuti nguva dzakawanda ndinoita sababa vangu vepamweya nemudzidzisi wangu, Pastor Chris Oyakhilome. Ndozvan dakasarudza kuita. Handitevedzere chete mashoko avanoshandisa, maitiro avo nepfungwa dzavo ndinogadzira wo nenharaunda yakaita seyavo. Bhaibheri rinoti Eoki wakafamba naMwari uye Mwari vakamutora vakamupfeka

semunhu arikupfeka hovhorosi, vakamubuditsa munyika yenyama. Asi kubvutwa kwaEnoki kusati kwaitika uku akambenge afamba naMwari kwemakore mazana matatu!

Isu hatina nguva yakareba yekunyatsoumba hukama hwedu naMwari sezvakaitwa naEnoki. Saka tinofanira kutsvaga nzira dzekudimbudzira kuita hushamwari naMwari nadzo. Dzimwe nzira ndedzekuongorora zvinoitwa nemhunu waunoyemura, wotevedzera. Chiiko chavanogara vachitaura pamusoro pachu muhupenyu hwavo? Kunamata here? Kuzvitsaura kubva kuneveruzhinji here? Kupa kwavanoita kuna Mwari here. Chitevedzera zvavanoita kusvika pachiyero chaunokwanisa unoono wavekugara munharaunda inenge yavo uye wavekuwanawo zvavainazvo!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ini ndirimukorokodzi wenyasha. Hupenyu hwangu hurikusimudzirwa nedenga Gore rino ndirikusimudzirwa senyanga yebhiza redenga!**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 11:1

**Muparidzi 10:19**

**Mutambo unoitirwa kuseka, uye waini inofadza openyu; zvose zvingawanikwa nemari.**

Mari inombotukirirwa dzimwe nguva ichinzi yakaipa, asi kana tikanzwisisa simba rezvaunoita nekwainogona kutisvitsa pakusimudzira hushe hwaMwari, tinobva taona mikana yainogona kutivhurira. Vanhu vanoshaya kuti sei tichitaura pamusoro pemari sezvatinoita nguva dzese. Mhinduro isinganetse ndeyekuti iwe unoda mari! Mari ine mweya waiyinayo, uye munyika yemweya haukwane kuwana zvausina ruzivo pamusoro pazvo. Kana usina ruzivo rwakakwana zvinokonzeresa kuti pave negomo pakati pako nemari.

Mwari vanoda kuti upfume uvenezvese, zvikurusei kuti uwane mari, saka tichitaura pamusoro payo. Iwewe wo unofanirwa kuti utare nezvayo. Uyu mutemo wemunyika yemweya kuti unofanirwa kutaura pamusoro pezvinofaniwa kuuya kwauri. Saka ita sarudzo yekupfuma sezvinodiwa naMwari kuti zviitike kwauri. Kana mari yauya kwauri, ishandise semukana wako wekuremekedza nawo Mwari kuburikidza nekutsigira kwako hushe hwavo nayo. Mari hachisi chinhu chakaipa –zvaunoita nayo ndizvo zvinebasa! Itachitsidzo kubvira nhasi chekuti mari ichauya kwauri uchaishandisa kusimudzira nayo basa raMwari, uye taura nesiba rako rese uti mari irikuuya kwandiri!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikudzima mashoko ese akaipa andakataura pamusoro pemari kubva mumuromo mangu uye ndirikutema chirevo nechitsidzo chekuti ndichapfuma! Ndichabudirira! Mari inonzwa izwi rangu ichindidaira. Mari irikuuya kwandiri izvezvi!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 35:27



**Mako 9:23**

**Jesu akati kwaari; Kana iwe uchigona kutenda zvose zvingaitika kune anotenda.**

Kutenda kunotangira nepanozivikanwa nezvekuda kwaMwari, uye kuda kwaMwari kurimushoko ravo. Kana tikaziva kuda kwaMwari tokuteerera, tinenge tichibvuma kuti Mwari anoziwa zvese uye akavimbika. Ndipo patinobva tanyengerera tiine ruzivo urwu. Kutenda kunofbvumidza kuti titende muzvivimbiso zvaMwari, nekutenda mushoko rake nemwoyo wese. Asi kana tichinyengerera tichiisa vara rekuti kana mumunyengerero wedu, tinenge tichiudza Mwari kuti hatisi kuvimba navo kana hurongwa hwavo pamusoro pehupenyu hwedu. "Kana" mwana wekusatenda.

"Kuti kana" kuratidza kuti hauzive kuda kwaMwari. Kana uchinyatsoziva kuda kwaMwari unotaura wakadekara nemwoyo wako wese sezvakaite Jesu muna Marko 11:42 kuti: "Ndinoziva kuti anondinzwa nguva dzese!" Nzwisisa kuti chinhu chese muhupenyu hwemuKristu chinoshanda nekutenda Haugone kufadza Mwari kana usina kutenda. Saka, paunonyengerera kumbira nekutenda usinganyunyute. Paunongonyunyuta chete zvonobva zvadzima munyengetero wako. Nyunyuta pamusoro pekunyunyuta kwako. Tenda mushoko raMwari uye usabumire chero chipi chinhu kuti chikanganise kutenda kwako.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Kunyunyuta hakupo pamashoko ese andichataura mugore rino rekurama hupenyu hwedenga panerino pasi. Mwari vanondinzwa nguva dzese pandimonyengerera, uye vanocadzikisa zvivimbiso zvavo kwandiri. Kana shoko ravo razvifaura, rinobva rapedza nyaya yese. Amenii!**

### MAVHESI EKUVERENGA

James 1:6

**VaRoma 15:13**

**Zvino Mwari wetariro ngaakuzadzei nomufaro wose norugare pakutenda kwenyu kuti muve netariro yakawandisa nesimba roMweya Mutsvene.**

Kana wakambovimbisa kupa mwana chimwe chinhu unobva wanzwisisa zvazvinoreva kuti uite semwana kuti utambire shoko raMwari. Vana vadiki vanogara munyika inoitika isina chinoramba, uye vachitenda zvakare kuti hakuna chinoramba. Ukavimbisa vana vadiki chinhu, maziso avo anobva afara nekushamisika uye nekuvimba kuti zvataurwa zvichaitika. Havana humboo hwavanoda kuti vabvume kuti zvaunenge wavaudza zvichaitika. Vanongotenda zvaunenge wataura vobva vafara vachitarisira kuwana zvaunenge wavimbisa.

Jesu akadzidzisa akati tinofanirwa kuti tiite sevana vadiki kuitira kuti tikwanise kupinda hushe hwedenga. Kuzvinnipisa kunoita vana uye kuvimba kwavanoita kunopamuenzaniso wezvatnofanirwa kuita semaKristu. Tinogona kudzida kubva kuvana tovimba naMwari avo vasinganyepe uye vasinga shanduke. Mwari vakangofara vakavimbika uye vacharamba vakadaro. Mwari vakatipa chikonzero chekuti tivimbe navo, nekuti vanoita sekutaura kwavo. Saka tora shoko ravo semwana mudiki wofara nezvavanenge vakuudza mushoko ravo, uchiziva kuti Mwari vanozadzikisa zvivimbiso zvavo zvese kwauri

**CHIPOROFITA CHEKUTAUURA**

**Shoko raMwari ndiro rinotungamirira hupenyu hwangu. Kana Mwari vakataura, ndinotambira shoko ravo nemufaro ndiine ruzivo rwekuti vakavimbika kuzadzikisa zvavanenge vataura mushoko ravo. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 VaKorinde 1:20

**Ruka 5:19**

Zvino vakati vachishaiwa pavan-gamupinza napo nokuda kwavazhin-ji; vakakwira pamusoro pemba vakamuburutsira mukati nenhowo yake nepakati pamapfuro pamberi paJesu.

Tinoona muna Mako 2, mavhesi 1-5, aine nyaya yevarume vakaratidza kutenda kwakaperera. Mavhesi aya ane nyaya yevarume vana vakatak-ura shamwari yavo yakange yakare-mara vachida kuiunza kunaJesu asi vakashaya pekupinda napo nekuti kwakange kuine vanhu vakawanda. Kuwanda kwevanhu hakuna kuvamisa nekuti vaiziva kuti pana Jesu ndipo pa-kange paine zvavaida kuwana, saka zvakavapa shungu dzekuti vamuwane chete, saka vakafunga zano rekuwira

pamusor pemba, ndokubvisa marata ndokudzikisa shamwari yavo ne-pavuri ravakange vaboora pamusoro pemba. Uku ndiko kunonzi kuten-da kwakanyanya uku!

Kana ukanzwisisa mhando yaMwari waunoshumira, haumbozun-gunutswa nekuudzwa nhau dzakashata kana kubvuma kurambirwa chinhu. Kana mukuru webasa rako akakuti wadzingwa basa, iwe dzo-kera kubasa kwacho mangwana woita kunge zvakaitika nezuro wacho zvisina kuitika. Ukawana nhau dzakaipa pamusor pemamiriro ehutano hwako, rumbidza Mwari woti wave kuziva zvekunamata nezvazvo. Mwari anogona! Bvisa denga pamatambudziko ako wovimba naye!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Kana Mwari vanditi hongu, ndinoramba kugamuchira kwete nezita guru raJesu. Hareruyah!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Ruka 5:17-20

**Ruka 18:1**

**Zvino akavaudza mufananidzo wokuti vanofanira kunyengetera nguva dzose vasingarashi mwoyo;**

MaKristu akawanda haana nguva yekunyengetera uye vanotsvaga nepavanogona napo kupa zvikonzero zvekusa nyengetera'. Asi paunenge wawandirwa nezvekuita ndipo paunenge wavekufanira kunamata zvakanyanya. Panguvayaunenge uine zvakawanda zvekuita unoda rubatsiro rwaMweya Mutsvene kuti ubudirire uye zvinoitika muchinguva chipfupi. Pane-kuti unzwe usina nguva yekunyangetera munhu akangwara anoti , ini handina nguva yekunyengetera anoti ndine basa rakawanda rekuita, ndichatora nguva yakawanda ndichinyengetera." Unobva wawana simba mum-

weya wako, zvoita kuti ukurumidze kupedza basa.

Vhesi redu ranhasi rinotiyechidzakuti tinofanirwa kugara tichinyengetera nguva dzese. Munhu akagadzirwa kunyengetera. Pafunge kuti dai uri mumwe wemaKristu anokurudzira vamwe kuti vanyengetere iwe isnganyengetere. Chii chinoitika? Hukama hwako naMwari sababa vako hunobva hwapera. Saka unofanirwa kuti unyengetere nguva dzose.

Kuburikidza nekunyengetera unovakwa, wosimbiswa woudzwa zvekuita kuti uwane nyasha dzaMwari nekupindira kwavo mune zvese zvehupenyu hwako. Hatinamate nekuti tinenge tichida munana kwete; tinonamata nekuti tirimuhukama hwerudo nababavedu vekudenga avo vanofidisisa.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Pandiri kunyengetera nhasi shoko rega randiri kutaura richavaka munana muhupenyu hwangu nezita guru raJesu. Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

MuProfita Isaya 40:31

**Zvirevo 29:12**

**Zvino kana mubati achiteerera nhema, varanda vake vose vachava vakaipa.**

Tinofanira kuziva kuti munyepi munhu akaita sei kuitira kuti tionzwise zvirikutaurwa muvhesi redu ranhasi. Munyepi munhu anoyaura zvinhu zvinopesana neshoko raMwari. Hazvinei kuti zvinenge zvichitaurwa izvi zvinenge zvakana sei kana kuti zvingave nemukurumbira wakaita sei, kana zvichipesana chete neshoko raMwari, manyepo.

Ukaongorora vhesi redu ranhasi, unoonona kukosha kwekuva mutungamiri akavimbika. Vazhinji vevanhu varikuv-erenga rugwao rwuno vatungamiriri muzvikamu zvakasiyan siyana. Unogona kunge uri mutungamiri wepamba,

kubasa kuva mufundisi kana kuti kuda unenge wakaiswa pachinzvimbo chekutunamirira chimwewo chikamu chingave chidiki kana chakakura, zvinokupa kodzero yekunzi mutungamiri, maererano nevhesi ranhasi.

Semuenzanisa kana ukaramba uchiudza vanhu kuti kuporeswa zvepamweya kwakaoma kana kuti Mwari havade munhu wese, unenge uchinyepa. Kana urimunhu anongoteerera zvese zvese usina kunzvera kwaMweya Mutsvene – unoteerera manyepo ayo anozokanganisa vanhu vanenge vari pasi pehutungamiri hwako. Kana uri munhu anoteerera makuwa chete, vanhu vese vanenge vakakomberedza vanopedzisira vave vanyepi. Saka ngwarira zvaunonzwa.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mweya Mutsvene anonditungamirira kuti ndifambe muchokwadi. Ndirimunhu wechokwadi naizvozvo chokwadi chinondisimudzira, chinondichengetedza ini neavo vandinotungamira, nezita raJesu! Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 3:10

**Mateo 14:23-24**

Zvino akati aendesa vanhu vazhinji, akakwira mugomo ari oga kunonyengetera. Ava madekwana kange aripo ari oga. Asi igwa rakange rave pakati pegungwa richitambudzika namafungu nokuti mhepo yakanga ichivadzivisa.

Vhesi redu rinotaura pamsoro pezvakaitika mushure mekunge Jesu aita munana wepa zvekudya zvemunana kuvanhu vaidarika zviuru zvishanu. Ishe Jesu vakange vazvipatsanura kubva kuruzhinji uye akange ave-manheru, vakwira gomo vari vega uko kwavakapedza husiku hwese vachinyengetera. Rechimangwana racho pakati pa 03.00 na 06h00 vakange vatomuka kare zvichireva kuti vakange vasina kumbonyatsokotsira. Vakaburu-

ka kubva mugomo ndokutanga kufamba pamusoro pemvura.

Vangani vakamboedza kufamba pamusoro pemvura uye vakoniwa vozotora nguva vachinyengetera? Muenzaniso watapihwa pekutanga unotiratidza kuti minana inouya sei. Svumbunuro yacho kunyengetera. Ukambosiyana nenharembosha yako chivhitivhiti nekumbosiyana nevaunodyidzana navo wosimbisa hukama naMwari unoita munhu asingazungunutswe nechero chipi chinhu!

Ndosaka vakawanda vachidonha vachiedza kuita minana. Ipa nguva pakunamata wozofamba pamusoro pemvura! Hareruyah.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Kristu mandiri anondipa simba rakawanda kudarika romunhu! Ndinesimba rekudenga rinoita kuti ndive nesimba kudarika satani uye hapana chinoramba kwandiri nhasi nezita raJesu Ameni.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa AvaPostori 1:8

**Maraki 3:3**

Iye achagara pasi akafanana nemunatsi nomuchenesi wesirivha achachenesa vanakomana vaRevhi nokuvanatsa sendarama nesirivha ipapo vachavigira Jehovha zvipiriso zvekururama.

Hazvisinyore kuchenesa chinhu. Semuenzaniso kana arimatombo endarama anenge achicheneswa anoiswa muchitovhu chinenge chichipisa zvekusvika ku1650 degrees Celsius (3000 Fahrenheit). Kucheneswa kwematombo uku ndiko kuchaita kuti tinzwisise shoko redu ranhasi .

Kucheneswa pamweya kunowanzoitika pakupedza kuzvikudza, pamunhu kudada kana kusava nekutenda nezvimwewo zvakaipa zvinogona kuwanikwa muvanhu vaMwari. Unoo-

na, semuKristu unofanira kubvumira Muchenesi mukuru, Mwari vedu, Jehovha kuti akuchenesese. Zvinoitika pkukuchenesa zvinogona kunge zviru zvinhu zvaunenge usingade kana kufarira, asi zvinobuda wapedza kucheneswa zvinenge zvakanakisisa!

Namata, nekufunga pamusoro peshoko raMwari, uchinyengeterera kuti urambe urimutsvene wakacheneswa kubva kutsvina inowanikwa pakurarama hupenyu hwenyama nemweya. Urikutocheneswa paureka kuita munyengetero uwu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakacheneswa nekunatswa nemuchenesi wangu! Pandirikufunga nekutaura pamusoro peshoko raMwari, ndirikunyatswatsonatswa. Hareruyah!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mapisarema 66:10

**VaRoma 8:19**

**Nokuti zvisikwa zvinotarisisa zvikuru zvi-chimirira kuratidzwa kwavanakomana vaMwari.**

Vara rinoti "apokalupsis" rinomirira kuratidzwa, kuvanechizariro, kana kuvhurwa maziso. Chimbopafunga kuti zvisikwa zvaMwari zvakaita semiti, nzizi, makungwa nyenyedzi zvese zvakakumirira kuti utange kuzviratidza kwazviri semumiriri walshe Jesu Kristu panerino pasi!

Rima riri munyika ririkuratidza kuti nguva yako yekuti upenye uvechiedza kwairi yasvika. Vhesi redu ranhasi rirkureva kuti nyika yakamirira iwe kuti uibvise makushe arikumeso kwayo ione kubwinya kwaMwari. Wakamirirwa kuti udzikinure ruzhinji kubva muhutapwa

hwaSatani. Ranagarira kuti uri chiyedza chirimunyika yerima, uye kuti urimunyika wenyika, unoinakisa. Unopa hunyandzvi, runako nechirevo kuhupenyu hwevanhu mipasi rese.

Yavenguva yekuti uvenehushingi uye kuti uchinyatsobata basa zvaka-simba pane rino pasi. Yave nguve yekuti upe nyika zvakana zvese zviri mauri, chibva watotanga izvezvi kuzviratidza kunyika.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ino yavenguva yangu nemwaka wangu wekuratidza kubwinya kwaMwari kuri mandir. Pandirikubuda nhasi ndirikupa runako, zvakana zvangu nechiyedza kunezvese zvakandikomberedza. TE

### MAVHESI EKUVERENGA

MuProfita Isaya 60:2



**VaHebheru 13:15**

**Naizvozvo ngatirambe fichibayira Mwari naye chibayiro chokumurumbidza ndicho chibereko chemiromo inopupura zita rake.**

Nhasi izuva rakanaka rekuti urangarire zvese zvawakaitirwa naMwari kubvira kare, kusvikira nhasi. Inenge isiringuva yekugununguna, kuchema chema kufunga pawakatadza kana zvakaipa zvakamboitika kwauri, kana wave kufunga pamusoro pekunaka kwaMwari nezvavakakuitira. Inguva yekufara uchitenda Mwari uchimupa rumbidzo uine mufaro.

Saka paufunga zvese zvawakaitirwa naMwari, zvakakosha kuti uverenge maropafadzo ako wopemberera maringe nezvavakaitirwa naShe. Vatende

uvarumbidze kubva pasi pasi pemwoyo wako, uchitenda rudo rwavo rwakawanda, tsitsi dzavonyenya dzavo dzisinga pere, dzavakuitira gore rino. Vapemberere uchitenda kunaka kwavo nemabasa anoshamisira avari kuita muhupenyu hwako. Vape chipiriso cherumbidzo kubva pasi pemwoyo wako, uchipupurawo pamusoro pezita ravo. Varatidze kutenda kwako, pamusoro pelulutungamirira gore rese wakachengetedzwa uine hutano hwakahaka uchikunda uye uchibudirira! Pembeda ufare nekuti nhasi izuva rekutenda.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinokutendai Ishe Jesu Makandiropafadza zvakananyisisa. Zvakakura zvirikuuya muhupenyu hwangu hwemangwana – makore angu akasanangurika makore andichanyatsoshandira hushe hwaMwari arikuuya nezita guru raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 50:14

**Jakobho 5:13**

**Kune mumwe anotambudzika pakati penyu here? Ngaanyengetere. Kunomwe anofara here? Ngaaimbe Mapisarema.**

Vara rinonzi kutambudzika iro riri muvhesi redu ranhasi rinonzi 'kakopattheo' uye rinoreva kusangana nezvinonetsa muhupenyu nematambudziko, hunova ndihwo hupenyu hwemaKristu akawanda.

Tavekutevedzera zvirikutaurwa muvhesi redu ranhasi tinobva taziva zvekuita kana tichinge tasangana nematambudziko, hanzi tinamate. Hazvina kunzi chema kana kufunganya kana kuenda pasocial media uchinotaura pamusoro pazvo – zvanzi NYENGETERA! Mamwe maKristu anofarira kuunganirwa kana

achinge awirwa nedambudziko. Vanobva vatangakutaura pamusoro pedambudziko ravo iri kwema awa akawanda panekuti vapedze dambudziko iri nekunyengetera.

IHazvina kunzi gununguna kana kutaura pamusoro paro, hanzi nyengetera. Kana usina kuitirwa zvakanaka, nyengetera! Ndiyo nzira yekupedza nayo matambudziko.

Izvezvi nyengetera pamusoro pedambudziko raurikusangana naro – utaure kuti urikuzokunda uye uchange urimukuru wavenani pane zvawakange uri dambudziko risati rauys. Nyengetererawo zvakare avo varikuwirwa nematambudziko akasiyana pasi rese, varimuzvipatara, mumajere nemunyika dzirukurwisana. Vanamatire kuti vawane simba nerudo rwaMwari kwese kwavari nezita raJesu!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikurayira matambudziko ese arimuhupenyu hwangu kuti abve munharaunda yangu izvezvi! Hakuna chinopokana nehupenyu hwangu chinoteverana nehupenyu hwangu. INdirikuporofita zvimwe chetezvo kuhama dzangu munaKristu pasi rese nezita guru raJesu! Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA:

Mabasa AvaPostori 28:8



**VaRoma 12:2**

**Musaenzaniswe nyenika ino asi mushandurwe murangariro wenyu uchivandudzwa, kufi muidze muzive kuita kwaMwari.**

Dambudziko guru raanemaKristu emazuva ano nderekusanyatso zvipira muchitendero chavo, nekuti vavekukoshesa hupenyu hwepanyama nezvirikuitika munyika. Regai ndikuratidzei kufi sei ndiri kudaro.

Vara rinoti kuvandudzwa ririmuvhesi redu ranhasi, rinoreva kutevedzera zvirikuitwa nemumwemunhu. Ukatariisa kereke nhasi, unoona kufi maKristu akawanda avekutevedzera nyenika. Tirikukoshesa nyama pazvinhu zve-mweya. Tirikubvumidza zvenyika kufi zvitonge mumakereke.

Tinoimba nziyo dzisina chokwadi chizere cheshoko raMwari, tinodzana sezvinoitwa neavo varimumabhawa, uye unoona maKristu anenge asina kusimira zvakanwana achipinda mukereke, vasingakoshese hutsvene hwekereke. Vamwewo ndivo vanorovana zvizbhakera muimba yaMwari. Hongu zvinoratidza kufi panehupenyu mukereke asi nyika ndiyo yavekutonga mukereke.

Nzvimbo nemweya yevanhu inorasika kana maKristu achibvuma kuvandudzwa nyenika. Ita sarudzo nhasi yekumira nemwoyo wese neshoko raMwari, urambe kuvandudzwa nezvakaipa..

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Handisi wenyika ino uye handimbofa ndakatevedzera nyika. Ndirimumiriri waMwari saka ndichatendeutsa vanhu vakawanda nematunhu akawanda nezita raJesu!**

## MAVHESI EKUVERENGA

Johane 15:19



### **MuProfita Isaya 12:3**

**Saka muchachera mvura nomufaro pamatsime oruponeso.**

MaKristu akawanda haazive kuti svumbunoro yekurarama hupenyu hwakazadzikiswa, kuba nemufaro munaShe nguva dzese. Kutenda kunogara nekukunda munharaunda inenge yakazara nemufaro nguva dzese. Uyu mufaro usingatsanangurike, mufaro unoseka panenge paine matambudziko, mufaro usingatarise zvinenge zvichitika kunyangwe zvakaoma sei.

Vhesi redu ranhasi rinotaura pamusoro pekuchera mvura nomufaro pamatsime oruponeso. Zvinoreva kuti kunezviwanikwa zvakaanda zvinounzwa muhupenyu hwako kuburikidza nekutwana kwaunenge waita ruoneso.

Zvinhu izvi unozviwana kana urimunhu anogara aine mufaro nguva dzese. Urikuzviona here izvi? Zvanzi NEMUFARO uchawana mvura kubva mumatsime eruponeso. Hazvina kunzi nyengetera kana kuti zvinnyime zvekudya. Hanzi iva nomufaro.

Saka kana usina mufaro unenge usina chombo chekushandisa kuti urarambe hupenyu hunodiwa naMwari kuti uhurarambe. Mamwe maKristu anobvumira kuti zvinhu zvikasaita zvaanenge akatarisira zvikanganise mufaro wao. Mufaro wakakura ngauwanikwe kubva mukuzadzikisa kwako t basa rawakadaidzirwa naMwari. Kana ukarama hupenyu hwako uchiita basa rawakadaidzirwa naMwari hapana chinombogona kumira pamberi pako kana kukukanganisa. Hapana chimwe chinogona kukuunzira mufaro kudarika kuita kwako basa rababa vako vekudenga!

## **CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikuchera mvura nhasi kubva mumatsime eruponeso; saka ndakaropafadzwa ndakapfuma ndinehutano hwakanaka uye ndizere nemufaro mandiri! Hapana anondikanganisa apo ndirikuita basa rababavangu vekudenga. Hareruyah!**

### **MAVHESI EKUVERENGA:**

Nehemiya 8:10

**VaFiripi 4:6**

**Musafunganye pamusoro pechinhu asi pazvinhu zvose mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mwari, nokunyengetera nokukumbira pamwe chete nokuvonga.**

Vara rekuti musafunganye rinonzi 'merim-nah-o', uye rinoreva kutambudzika kana kunetsekana. Iwe semwana waMwari vekumusoro soro, haufanirwe kunetsekana nechero chinhu chinoitika kwauri, hungave hurwere, kushaya kana kupandukirwa nevaunovimba navo. Unofanirwa kuti umire pamberi pedambudziko rese wodaidzira kuti, **HANDINA BASA NAZVO!** Hareruyah!

Pafunge uchiverenga gwaro rinenge riine nhau dzakaipa uchidaidzira kuti "Handina basa nazvo!", nekuti unenge

uchiziva kuti zvichapidigurwa. Kana ukawana rugwaro rwekubhanga kwako rwuchiratidza kuti mubhanga mako hamusisina mari woti, "Handina basa nazvo!", uchiziva zvako kuti wambodzoserwa kumashure kwechinguvana! Dzidzira kusafunganya pamusoro pezvinoitika kwauri nemunharaunda mako. Chiiko chingaunzwa nekufunganya muhupenyu hwako kunze kwekurwadzisa mwoyo wako? Asi sezvinotaurwa nemagwaro aMwari, iwe nyengetera uchirumbidza Mwari uchiporofita zvaunoda kuona zvichitika woshandura zvakanorwa zvese pamusoro pehutano hwako nemamiriro ebhanga rako, uye uchitaura pamusoro pekudzoreredzwa kwemhuri yako. Zvese zvakanaka kwauri, usafunganye!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Zvese zvirimuhupenyu hwangu zvisingawirirane neshoko raMwari zvavekugadziriswa zvichipinda mugwara izvezvi. Handisi kuzofunganya pamusoro pematambudziko arimo muhupenyu hwangu. Zvehupenyu hwangu zvakagadziriswa nezita guru raJesu. Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA:

Mateo 6:25

**VaFiri 4:8**

**Pakupedzisira hamadzangu zvose zvazvokwadi zvose zvinokudzwa zvose zvakarurama zvose zvachena zvose zvinodikanwa, zvose zvinorumbidzwa kana kunaka kupi nokupi kana ching-arumbidzwa chipinechipi fungisisayi nezvacho.**

Kune vanhu vanonzi ishasha paku-taura zvinhu zvakaipa. Iwe unonyat-soziva kuti pese paunosangana navo havana chakanaka chavanotaura, vanezvakaipa chete zvavanotaura pamusoro pemamiriro ezvehupfumi, munhu anenge avarwadzisa kanakuti hupenyu pachahwo hunenge hwaka-vaipira. Mwari haana kukurayira kuti uchengetedze mweya wako kub-va kune zvakaipa asikuti usabvumire pfungwa dzakaipa kuti dzisavepo

pauri, Vanokukurudzira zvakare uzvibvumidze kuva nepfungwa dzez-vakanaka nekuti ndidzo dzinorumbidzwa.

Kana ukabvumidza wakaipa kuti ataure zvakaipa kwauri, mashoko iwayo ndiwo anenge avekutonga hupenyu hwako, zvokonzera kuti urame hupenyu husina mufaro. Usafunganye pamusoro pechinhu chinokanganisa mweya wako, kunyangwe zviite sei. Ita tsika yekuvaka mifananidzo yezvakanaka mupfungwa dzako, zvichienderana neshoko raMwari. Pfungwa dzaunenge uchiita idzi dzinoshandura mamiriro ez-vinhu zvova sekufunga kwako pachokwadi. Sekufunga kwemunhu, ndozvazviri (Zvirevo 23:7). Saka chengetedza pfungwa dzako dziri mushoko raMwari. Funga pfungwa chete dzakanaka uone zvichishan-dura hupenyu hwako huchinakisa!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Pfungwa dzangu dzakazara nezvakanaka zvehupenyu. Ndirikubvisa pfungwa dzakaipa dzese kubva munharaunda mangu ndichiyedza chete nepandinogona kuti hupenyu hwangu huve nechirevo muna Kristu. Zvatoita sekureva kwangu! Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaKorose 3:2



**1 Timoti 1:18**

**Basa iri rakarairwa ndinokupa iro, lwe Timotio mwana wangu, kuti sezvazvakaporofitwa kare pamsoro pako urwe pfumo rakanaka mazviri;**

TVhesi riri pamusoro rinoratidza simba rinemazwi echiporofita. Rinotaura kuti chiporofita kana chapihwa chinokwanisa kushandiswa sechombo. Imboona mupfungwa dzako wakatakura chombo pese paunenge uri! Hapana angade kunetsana newe nekuti unenge uine chombo chaunenge wakatakura! Chionawo kuti ndizvo zvirikuudzwa Timoti kuti achakunda muhondo yake nekuti anechiporofita chakaitwa pamusoro pake. Newewo ucharwa jurwa kwakanaka nekuti unezvporofita zvakaitwa pamusoro pako!

Satani haazorore nekuti wakapihwa chiporofita kwete! Achakurwisa achida kuti zvisambofa zvakaitika zvawakaporofitwa zvacho. Dingindira redu gore rinorine chiporofita chekuti ENDA KUNORWIRA HUPENYU HWEDENGA PANERINOPASI Bhanga remari yako rinofanirwa kubvuma kuratidza hupenyu hwedenga panerino pasi, hupenyu hwako hunofanira kuratidza hupenyu hwedenga panerino pasi – kana pasina izvozvo shandisa chiporofita sechombo chekurwisana nezvirikupokana nazvo. Tora zvese zviru zvakonechisimba. Ikodzero yako yawakapihwa naMwari! Shoko raMwari rakazara nezviporofita zvakaitika kare izvo zvinokusundira muneremangwana rako – shandisa mashokoiwayo kuitira kuti ukunde mubhizimusi rako nemunyaya dzemunhuri mako, nezvimwewo zvakadaro.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikuenda kuhondo ndichishandisa zviporofita zvese zvakaitwa pamusoro pangu sezvombo zvekurwa nazvo. Kana Mwari vakazvitaure, ndiriku zvishandisa kuti ndirwe kurwa kwakanaka nazvo, nezita guru raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Timoti 6:12

**Johane 7:38**

**Unotenda mandiri sezvazviri nzizi dzemvura dzichayerera dzichibuda mukati make.**

Bhaibheri rinoti muKristu wese anofanirwa kuva nenzizi dzemvura dzinenge dzichiyerera dzichibuda mukati make. Rega ndikupe muenzaniso. Mvura dzinoyerera dzinenge dziine mvura yakanaka inonwika uye mvura inenge isingayereri inenge iine mvura inetsvina isinakunaka kunwa. Bhaibheri ririkupa muenzaniso wemvura inoyerera richikuudza kuti munhu wemukati waMwari anezvaanofanira kugara akachengetedza.

Rwizi rusina kwarwunodira rwunenge rwuzere netsvina nematenda emumvura. Rwunoratidza hupenyu hwemuKristu

anenge aine hupenyu hunenge husina kwahunenge huchiyenda, uyo anogogara achikumbira zvinhu zvepanyama, anogara achirwara uye anokudza nyama yake. MuKristu asina mvura dzinenge dzichiyerera maari anoratidzika nezvibereko zvake

Mumwe anogona kutanga nekuva nemvura dzinoyerera kuburikidza nekugadzirisa munhu wemukati nekuverenga shoko raMwari, uye kusimbisa hukama naMwari nekunyengerera. Ukaita hupenyu hwakadai unonzwa wakasununguka uye unogona kusunungurawo vamwe. Unobudirira pane zvese zvaunoiita muhupenyu uye unoratidza kubwinya kwaMwari! Chese chaunobata chinobudirira!

Sarudza kuyerera muna Mweya Mutsvene kubvira nhasi!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinenzizi dzemvura dzinoyerera dzichibuda mandiri! Ndinorarama hupenyu muna Kristu uye ndinobudirira pane zvese zvandinenge ndichiita. Pandirikubuda nhasi ndichasunungurawo vakandikomberedza nezita guru raJesu.Ameni.**

### MAVHESI EKUVERENGA

MuProfita Isaya 55:1



**VaKorose 3:17**

**Vuye zvose zvamunoita, kana zvirizveshoko kana basa itai zvose nezita rashe Jesu muchivonga Mwari baba naye.**

Pane chese chauchaita nhasi uye hupenyu hwako hwese, zviibvunze kuti zvinobvumwa here naJesu kuti uzviite? Zvinhu zvaangakubvumidze here kuti uzviite? Unogona here kuita zvaurikuda kuita izvozvo wobva wati nezita raJesu zvinhu izvi zvakanaka? Unogona kupa kutenda kuna Mwari vanova baba vedu here uchiita zvaunenge uchiita izvozvo? Ko Mshoko awavekuda kutaura ayo, anechiKristu here maari?

Bhuku ravaKorose rinotiratidza zvinhu zvakanakosha zvikuru. Rinopa chiyero chekuti maKristu anofanirwa kurarama

hupenyu hwawo sei. Chimbofunga kuti vangani vanokanganisa vaita zvinhu zvavaigona kuregera kuita. Usati watanga kuita makuhwa, funga vhesi riri pamusoro apo, kana wavekupinda muyedzo wekuita zvakaipa, rifunge zvakare. Yedza kuita zvandirikukuudza usati watanga zuva rako, woti panezvese zvandichataura kana kuita zuva ranhasi, ndinozviita nezita raJesu, ndichitenda Mwari nababavedu vekudenga pamusoro pazvo!

Zviudzekuti zvaurikutaura nekuita zvinobvumidzwa nalshe Jesu. Kana vasinga zviibvumire handisi kuzozvitaura kana kuzviita!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Pandiri kuvamba zuva rangu ranhasi, zvese zvandichataura nezvese zvandichaita ndinoita nezita ralshe Jesu. Zvese vanondibvumira! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaEfesu 5:20



### 1 VaKorinde 11:31-32

**Nokuti dai taizvida isu timene hati-zorobhwa, Zvino kana tichitongwa tinorangwa naShe, kuti firege kutongerwa kurohwa pamwechete nyika.**

Mazuva ano panekutaura kwakawanda zvikuru pamusoro pekutongwa. Kuti ufunge kuti vanhu havadi kutongwa here nevamwe kana kuti kutonga kwaMwari pamusoro pevanhu nyaya iyi inokatyamadza vakawanda. Asi bhaibheri rinotii pamusoro pazvo? Vhesi redu rinoti mweya yedu inotiudza kana tichinge taita zvakaipa. Saka tinofanirwa kuzvitonga tega tisamirire kuzotongwa naJehovha.

Kana iwe ukazviongorora wozviwana uine mhosva, shandisa shoko raMwari, wokumbira ruregerero urwo rwunowan-

ikwa mumagwaro. Haukumbire kuregererwa chinova ndicho chinhu chinokanganiswa nevakawanda. VaHebheru 4:16 inoti, "Naizvozvo ngatiswedereyi tisingatyi kuchigaro choushe chenyasha kuti tinzwirwe ngoni tiwane nyasha tibatsirwe nenguvayakafanira. Ongorora kuti hazvisi kunzi kumbira nyasha kwete?" Zviri kunzi "tiwane nyasha," zvichireva kudzitora.

Nhasi unobvumira mweya wako uyo unehunhu hwaMwari kuti akutonge kuitira kuti usazotongwa naMwari.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakaropafadzwa nekuti ndina Kristu mandiri. Sakandiri kueda kuchigaro chenyasha kuti ndiwanirwe nyasha. Handina kutkwa Hareruya! Maita henyu Ishe Jesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 Johane 1:9



### **MuProfita Isaya 43:18-19**

**Musafunga zvinhu zvakare, Tarira ndichaita chinhu chitsva, chobuda zvino hamungachizivi here? Ndichaita nzira murenje nenzizi musango**

Mwari ndiMwari anopa mikana yepiri nemimwewo zvakare mikana yakawandisisa inodarika zviuru zvemikana! Bhaibheri rizere nevanhu vakawanda vakapihwa mikana yepiri. Abrahamu uyo anonzi baba vekutenda akanyepa akati mudzimai wake akange ari handzvadzi yake mazuva aakange asina kutenda kwakakwana kwekuti Jehovha vaigona kumuchengetedza. Ukuwo Mozisi akaurayawo munhu.

Jona akatumwa naMwari asi akatiza basa iri. Rahabhu yakange iri pfambi asi ndiye akazova zimbuyakadzi

raishe Jesu. Dhavhidhi akaita choupombwe uye akaurayisa murume wemudzimai waaipomba naye. Asi vese vandadoma ava vakaita mabasa makuru aMwari, sezvo vachitaurwa nezvavo muna VaHebheru 11. Mwari vanofarira kupa mikana yepiri. NdiMwari vazere nyasha! Ndidzo nhau dzakanaka dzatinoparidza nezvadzo! Kuri kunzi pane anowana zvirozwa zvekuti awane nyasha dzaMwari, ndinokuudza kuti hakuna anganzi akakodzera nekuda kwehuterera hwedu tese!

Saka kanganwa zvese zvakamboitika kare, usagare uchifunga nezvavo. Mwari vakatotanga kuita chinhu chitsva mauri. Chitambire ugare nekukura urimushoko ravo nemunyasha dzavo, Usacheuke kumashure! Munhu wako wakare akafa kare!

## **CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinotenda Mwari anopa mikana yepiri. Ndirikutarisa mberindingambonzwa ndiine chipomerwa pandiri pamusoro pezvandakaita kare. Hupenyu hwangu hunopupura nyasha dzaMwari, uye ndichaenderera mberi ndichibwinya nezita guru raJesu!**

### **MAVHESI EKUVERENGA**

2 VaKorinde 5:17



### 1 VaKorinde 16:17-18

**Ndinofara nokuuya kwaStefana, naFortunato, naAkaraoko nokuti ivo vakandiitira zvamakanga musingagoni kuita imi**

Kanazvisati zvavekuitika kwauri, imbofunga uri ndiwe unokonzeresa kuti zvinhu zviitike mukereke. Imbofunga uri ndiwe anoitsigira munhu wako waMwari zvekuti anomira pamberi peker-eke achitaura nezvako kuti ndiwe urikumutsigira panzvimbo dzinokonewa nevamwe. Kunenge kurikushandira Mwari zvakadii uku! Uhwu hupenyu hwekudenga pane rino pasi!

Ukaongorora paugere unoona kuine vanhu vakadaro kwese kwese. Vamwe magamba asingaremekedzwe, vawendivo vanoita zvinoonekera. Vanhu

avandivo vanoita basa revanhu gumi arimumwe chete, asi haumbonzwa vachigununguna kana kamwe chete zvako Unoona vachifarira kushandira muimba yaMwari nemwoyo yavo yese. Kune vanhu mukereke, nekumapazi ekere vanoshandira Mwari nemwoyo yavo yese zvekuti vanotoitira neavo vasingamushandire vari nhengo dze kereke iyoyo.

Varume nemadzimai aya vanofanirwa kutendwa. Vhesi redu ranhasi ririkutidzidza kuti tiite zvinhu zvakadaro. Saka nhasi enderera mberi utende vanhu vanoita mabasa aya mukereke yako, sarudza kuvatenda nhasi uve Stephanas wemazuva ano uverengwewo pakiti peavo vanokurudzira vamwe muimba yaMwari!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikuporofita kuhupenyu hwangu kuti pese panoda kuitwa chinhu muhushumiri hwaMwari ndini ndichachiita. Nhasi ndichasimudzira wese wandichasangana naye nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 22:27

**Johane 16:23**

**Nezuva iro hamuzondikumbira chinhu. Ndinoti kwamuri babavangu vekudenga vachakupa chiro chipi nechipi chaunokumbira nezita rangu.**

Jesu akatipa simba rake kuburikidza nekutibvumira kushandisa zita rake zvepamutemo, zvichireva kuti patinenge tichinamata, tinenge takamira panzvimbo yake tichiita mikumbiro yedu kunaBaba vedu. Ongorora kuti arikuti unokumbira kuna Baba nezita rangu uye IVO (Baba) ndivo vanozotipa zvatinenge takumbira, kwete ini asi IVO. Wazviona here?

Semukristu arikurarama mazuva ano, unofanirwa kuti urarame nezita raJesus, uchishanda panzvimbo yake uchishandisa simba rake uchitevedzera hunhu

hwake. Ndicho chipo chakakura chakaonekwa nemaPorofita nevakuru vezvekutenda vakare chavakangoona munyika yemweya. Sakai we shandisa mukana semuKristu arikurarama muTestamende itsva!

VaKorose 3:17 inoti, "...Zvese zvaunoita ita nezita ralshe Jesu, uchipa kutenda...." Zita raJesus rinesimba rakaita sekunge ndiye pachake anenge achiita chinhu kana ukarishandisa pakunyengereta. Zviripamutemo kushandisa zita rake. Vakatiipa simba pamutemo rekushandisa zita ravo nekurarama naroo.

Hazvinei kuti urikusangana nematambudziji anenge akaita sei; ukashandisa zita raJesus unokunda Hareruyah!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinechipo chakakosha zvikuru' simbarekushandisa zita raJesus! Pandirikutanga zuva rangu ranhasi ndirikutanga ndiine kunzwisisa pamusoro pezita randirikushandisa kuitira kuti ndibudirire panezvese zvandichaita. Hareruyah!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Johane 16:26

**VaRoma 10:17**

**Naizvozvo kutenda kunouya nokunzwa, nokunzwa kunouya neshoko raMwari.**

Kutenda nekutya zvinoshanda nenzira yakafanana. Kutya kunounzwa nekunzwa mashoko ewakaipa, uye kutenda kunouya kubva mukunzwa shoko raMwari. Zvakakosha kuti muKristu agare achirangarira mazwi ekuti; “Mwari vakatii?”

Kana ukatambira nhau dzakaipa pamusoro pehutano hwako zvbvunze mubvunzo iwoyo. Ukaona zvinhu zvaita manyama amire nerongo, zvbvunze mubvunzo wokuti sakaMwari vari kukwana papi munyayaiyi? Bhaibheri rinoitii? Vakoma vangu nehandzvadzi dzangu Mwari havambofa vakava nechekuita nehurwere kana kuparara

kwemhuri. Zvakaipa zvese zvinobva kuna satani. Saka haunganyeperwe nemuvengi, kuti unofanirwa kurwara nechirwere chekusafamba zvakanaka kweropa nekuti ndecherudzi, unenge uchitodyarirwa mweya wekutya kana uchiteerera mashoko akaipa kudaro.

Ramba kubvuma zvakaipa zvinenge zvaunzwa kwauri izvo zvinenge zvichipojana nezvakanyorwa pamusoro pako neshoko raMwari. Mashoko akaipa mashoko anenge aunzwa muhupenyu hwako anenge asingaenderane neshoko raMwari pamusoro pako. Chero chipi chinokanganisa kodzero yako nenhaka yako semwana waMwari, chinenge chichikonzerwa nemashoko akaipa. Saka wana vakawanda kubva mushoko raMwari pamusoro pehupenyu hwako kutenda kwako kuwedzerwe.

Always ask; “What did God say?”

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinekutenda kwekuti zuva rangu ranhsi richange rakaropafadzwa. Ndine shoko raMwari rakawanda mandiri saka handishaye uye hakuna chakaipa chichandiwira nezita guru raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Deuteronomy 31:6



**VaEfesu 6:19**

**Neniwo kuti ndipiwe shoko kana ndichishamisa muromo wangu kuti ndidudzire ndisingatyi zvakavanzika zveEvhangeri.**

Unofanirwa kugara uchinyengeterera avo vari pamusoro pako. Pawuro arikutiratidza kuti minyengetero inoitwa nevatendi pamusoro inoita kuti vashumiri veshoko raMwari variparidze vasingatye. Hazvisi nyore kuparidza vhangeri ra Ishe Jesu Kristu, uye kunouya nematambudziko akawanda. Saka minyengetero yevatendi inopa vatungamiriri vemakereke simba rekuramba vachiparidza, zvokonzeresa kuwedzerwawo kweavo vanotendeuka, vachitambira Evhangeri yehupenyu.

Saka wana nguva kubvira nhasi yekunyengeterera vanhurume nevanhukadzi vaMwari maApostora, maPorofita, maVhangeri, vadzidzisi vafundisi nevese vane zvidzvimbo zvehutungamiri mumakereke, kuti vashandiswe naMweya Mutsvene kutaura kuburikidza navo. Paunenge uchinyengetera kudai, zvinoita kuti vamwe vanhu vange varimurima vawane shoko rinovatendeutsa kubva mune zvakaipa vouya kuna Mwari.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikutaura kusimbiswa, kuwaniswa mamwe mazano, ruzivo, kuzarurirwa uye kuwedzerwa kwesimba rekuparidzwa kweshoko pamusoo pevashumiri vese veshoko raMwari nezita raJesu! Vamwe vanhu vachawana ruzivo pamusoro paKristu uye vachatendeuka nezita raJesu!**

## MAVHESI EKUVERENGA

2 VaTesaronika 2:7



### 1 VaKorinde 15:33

**Musanyengerwa hushamwari hwakai-  
pa hunoodza tsika dzakanaka.**

Kakawanda kandinoona vanhu vanenge vaine zvipo zvichiparara nekuti vanenge vaita hoche koche nevanhu vakaipa muhupenyu hwavo. Zvinhu zvinosiririsa zvikuru, kuona vanhu vachiparadzwa nekuti vanenge vaita hushamwari nemunhu akaipa.

Kana uine shamwari isingakubatsire kuti ukure pamweya, kana kuti inokuganganisa pakushumira kwako, unofanirwa kusiyana nayo. Usaswere uchii-ta hurukuro dzekugadzirisa hushamwari uhu, ingoparadza hushamwari hwacho kuitira kuti hupenyu hwako semuKristu huve sezvinodiwa naMwari.

Kune mumwe mudzimai akakosha akauya kwandiri makore akapfura achikumbira ropafadzo rekuti agone kuimba nziyo dzinobata mwoyo mumabhawa aine chinangwa chekutendeutsa vanhu. Ndakamuyambira kuti asazviite nekuti Mwari vakange vandiratidza mudzimai uyu achidondhedzwa nezvaaida kuita. Asi, akaramba kunditeerera akaendera mberi nechirongwa chake. Mhedzisiro yacho inosiririsa nekuti ndiye akazodonha akatanga kuimba nziyo dzepanyika, akashandurawo mapfekero ake avekupfeka zvepanyika zvaienderana nemabhawa. Ko chii chakaitika? Akatamba neshamwari dzisina kunaka! Chibva watotanga izvezvi kudzima mazita evanhu vaunoziva kuti vanoita zvakaipa ayo arimufoni mako!

Usanyengerwa. Shamwari dzakaipa dzinoita kuti newewo uite zvakaipa. Siyana nadzo.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakakudzwa netsika yehumwari uye ndinoita zvinhu zvakanaka. Handishamwaridzane neshamwari dzakaipa, saka ndikudzibvisa muhupenyu hwangu nezita raJesu! Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 16:17





**Muparidzi 3:13**

**Uyewo kuti chipo chaMwari kuti munhu mumwe adye, anwe, afarire zvinhu zvakanaka pakubata kwake kwose.**

Hupenyu chipo uyekudaidzwa naMwari. Zvinhu zvese muhupenyu kusanganisa nezvakakomberedza zvakasikirwa kuti zvikushandire iwe. Chaunofanira kuwana kuti urame hupenyu hunonakidza kubvuma kuva zvawakanzi naMwari uve, iwe uchigara uchinzvera shoko raMwari. Mamwe maKristu anoswera achishanda zuva rese, basa ravanoita rinenge rakawandisa uye mari yavanozowana inoita kunge chituko pane kuva ropafadzo.

Vhesi redu riri kuti idyai, munwe, munakirwe nezvinhu zvakanaka pakubata kwenyu. Unogona kutanga kutonakirwa

nehupenyu izvezvi kana ukada hako kuita saruro iyoyo. Haufanirwe kumirira hurumende yemunyika yako kuti inakise mamiriro ezvinhu munyika kuti ugotanga kunakirwa nehupenyu. Haufanirwe kumirira kuti utange wapromotwa kana kuti vatengi vatange vazara muchitoro chako kuti utange kunakirwa nehupenyu- dzidzira kunakirwa nehupenyu usati wabudirira kusvika pachiyero chezvaurikuda kuva muhupenyu.

Wakadaidzirwa kuti uwane zororo rashe. Chiita zvaunoda nehupenyu hwako wonyatsonakirwa naho kusvika kwekupedzisira, nekuti Mwari vakakuita mugoverwi, mubatanidzwa wavo anehunhu hwavo.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakatogadzirira kkudarika zvazvange zviriri nekuti chipo chaMwari kunakirwa hupenyu muna Kristu izvezvi. Ndichanyatsonakirwa nezvandinoshanda izvezvi nekuti chipo chaMwari kuti ndidaro. Ndakaropafadzwa zvakaridikwa Ameni.**

## MAVHESI EKUVERENGA

John 10:10



**Mapisarema 2:8**

**Kumbira kwandiri ndikupe ndudzi ive nhaka yako nemigumo yenyika zvive zvako.**

Zvinogoneka here kuti simba raMwari rivharirwe uye rishaye basa! Hongu zvinogoneka nekuti kunezvimwe zvinhu zvinogona kunge zvirimuhupenyu hwako zvinotadzisa kufamba kwesimba raMwari muhupenyu hwako. Unogona kubvunza kuti, "Konei uye sei?" Unoona Mwari vanoshanda nemashoko aunenge wataura. Chero chipi chaunenge wvakumbira kuti vaite . vanoziita..

Vhesi redu ranhasi rinotiratidza kukura kwakaita chido chaMwari chezvaunogona kuva. Vakati ndinokupa ndudzi dzive nhaka yako, nemigumo yenyika

zvive zvako.. Ongorora kuti havana kuti vanokupa imba itsva kana motokari itsva. Hongu izvozvo zvine basa asi Mwari varikuti funga nezvezvinhu zvakakura zvandinogona kukuitira, Funga pamusoro penyika ndokukura kwezvandinogona kukuitira.

Mazuva aye akukurara usiku hwese uschinamata nekutsanyira kuti upihwe chikwereti kubhangakana kuwana basa akapfuura, chifunga kudai "Ndirimuridzi wenyika dzakawanda!" Ukanamatira kuwana zvinhu zvidiki, Mwari vanongokuitira izvozvo. Zarura pfungwa dzako kuti uwane zvinhu zvikuru! Tarisa pachioni oni uzviudze kuti; "Ndiri wenyika dzakawanda kwete nzvimbo yandinogara". Mbirii!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Nyika dzakawanda ndedzangu! Ndinofunga zvinhu zvihombe, Ndinoita semunhu muhombe, uye ndichiwana zvakakurareruyah!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 1:2

**Zvirevo 16:2**

**Nzira dzose dzomunhu anoti dzakana-ka pakuona kwake asi Jehovha anoyera zvinangwa.**

Hazvinei kuti unenge uine chipo chakakura sei kana kuti unenge wakazodzwa zvakadii naMwari, kana zvakasanganana nekuzvikudza, hazvidiwe naMwari. Mukushumira kwangu shoko raMwari pasi rese ndakaona maKristu akange aine zvipo zvepamusoro zvaMweya Mutsvene kusanganisira vashumiri veshoko raMwari vakasara zvave zvuru zvaimbogara nyoka vasisisna nebase rese nekuti vakange vasingazvininipise, zvese zvavaiita vaizviona zvachena asi kwete mumeso aMwari. Unoona, Mwari havatarise kukura kwakaita ker-eke yaunovaka kuti zvinzi wabudirira pabasa rako kana bhanga rako kuti

rine marii kuti zvinzi wagona. Vanotarisa mweya wako.

Chinhu chese chaunoita muimba yaMwari chipiriso kwavari; asi Mwari havatambire chipiriso chako kana uine kuzvida, uchikara uchidada nekuzvikudza. Hukuru muimba yaMwai hauwanikwe kubva kumabasa aunenge waita kwete. Bhaibheri rinoti muna1 Petro 5:5, Mwari havade vano zvikudza, vanopa nyasha dzavo kuneavo vakazvininipisa." Zvininipise, wozviongorora nhasi, wozvigadzirisa hunhu hwako uchishandisa magwaro.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Kuzvikudza, kudada nekuzvida hazvina nzvimbo muhupenyu hwangu, nekuti ndinorarama hupenyu hwangu murudo nekuzvininipisa. Ndirikuramba ndichisimudzirwa zvakananyisa uye ndirikubudirira pane zvese zvandiri kuita nezita raJesu!**

## MAVHESI EKUVERENGA

Jeremiya 17:10

**2 Petro 1:4**

**Akatipa nazvo zvipikirwa zvinokosha zvakakura kwazvo kuti nazvo muve vanhu vakagoverwa huMwari, matiza kuora kuri panyika noruchiva.**

Unoziva here kuti semuKristu unogona kunge uine nyika yaunobva, uine tsika nedzinza remumusha mawakaberekerwa, as urichizvarwa chaMwari? Mavambo ako arimuna Mwari, wakazvarwa naye wakabva kwaari.

Vhesi redu ranhasi rinotiratidza kuti muKristu haasi munhuwo zvake, asi anakudyidzana kwaainako nemusiki. Munamato wangu kuti unzwise zvazvinoreva! Zvinoreva kuti urimuchikamu chimwe chete naMwari, uri wehumwari. Saka kana uchiti urimukundi nekudarikidza, ndizvo zvazvinenge zvi-

chireva, unenge usingatauremavhesi chete asi chokwadi chemamiriro ezvinhu.

Sezvaari ndozvatiri panerino pasi, zvichireva kuti ndewehumwari isuwo tiri vehumwari. Saka hutano hwedenga hurimo mauri. Hachisi chivimbiso chete kubva kuna Mwari nekuti wakazvarwa nambeu yaMwari isingaore, yeshoko ravo. Saka hupenyu huri mauri hauparadzwe nechirwere denda kana rufu. Ramba kubvuma kuti zvakakodzera kuti urware semuKristu, nekuti hazvina kukodzera.

Ramba uchifunga nekutaura chokwadi chezvandataura izvi kusvikira zvapinda mumweya wako wotanga kuzvirarama. Ramba kubvuma kuti zvinhu zvingaenderane nehumwari hwako kuti zviitike kwauri.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Hupenyu hwangu huzere nekubwinya, hutongi nezvemhando yepamusoro. Saka ndinogara ndiinruzivo rwehumwari huri mandiri, ndichikunda satani nehamadzake dzekugehena nezita raJesu! Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 John 4:4

**VaRoma 14:17**

**Nokuti hushe hwaMwari hazvizi zvokudya kana zvokunwa asi kururama norugare nomufaro muMweya Mutsvene.**

Kune maKristu akagamuchira mweya mutsvene asi mweya yavo izere neku-tambudzika sezvo vainezvakanwanda zvinenge zvichivanetsa. Vanofunganya pamusoro pevana vavo, hutano hwavo, bhizimusi ravo nezvimwewo zvakadaro. Vanorarama hupenyu hwavo vachii-ta kunge vasina chingakonzerese kuti vave nemufarp. Ukavabvunza hupenyu havana chakanaka chavanotaura pamusoro pachu. Vhesi redu ranhasi rinofiratidza kuti panehukama pakati pemufaro naMweya Mutsvene. Haukwanise kuvamuKristu anozadzwa naMweya Mutsvene iwe usina mufaro mauri. Hazviite! Vana vacheche munaKristu vasingazive kuti ivo ndaanani muhushe hwaMwari ndivo vanogara hupenyu hwavo vachinyunyuta.

Unogona kuti, "Nezviri kuitika muhupenyu hwangu, ndirikuda kumbo chin-ja kwekugara; ndirikuda kumboenda kumwe kunhu kwandichanofara." Kwete! Usatsvage chimwe chinhu kuti uwane mufaro. Mufaro chimwe chezvibereko chirimumweya wemunhu. Urimo mauri. Mweya wako ndi-wo anounza mufaro usingapere. Unonzi mufaro, usingatsnangurike uzere nekubwinya" (1 Petro 1:8).

Gara uine mufaro nguva dzese! Mweya waMwari unokuitira zvakanwanda kana uchigara urimunharaunda ine mufaro, nekufara pane panenge paine kugununguna nekuchema chema. Saka ita sarudzo yekuva nemu-faro nguva dzese kubvira nhasi.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndine mufaro kubva mukati memweya wangu uyo unoshandura ma-mirira akaita zvinhu zvehupenyu hwangu zvese. Mufaro wangu inokon-zereswa na Mweya uye haukanganiswe nemamiriro anenge akaita zvinhu muhupenyu hwangu. Ndinogara ndiine mufaro washe, uyo un-ondipa simba! Hareruyah!**

### MAVHESI EKUVERENGA:

VaRoma 15:13



ruya!

### Johane 16:33

**Ndakareva izvozvi kwamuri kufi muve norugare mandiri, Panyika munotambudzika asi tsungamoyo ini ndakakunda nyika.**

Ukatarisa mamiriro akaita nyika unoonakaine nzara, hurombo, kusachengeteka, hurwere nematenda rufu uye kushaya tariro mukati mevanhu vazhinji – zvakanwanda kani zvirikuitika. Asika, pane musiyano wakakura pakati pako neavo varikusangana nematambudziko aya: Iwe urimunaKristu iye arimauri. Mwari Havana kutinyepera; Vakatiudza kuti tichasangana nematambudziko asi havana kutaura izvizvo chete. Vakati, asi fara kunyangwe urikuona zvinhu zvakadaro zvichiitika, sei vakadaro? Nekuti vakatokunda hondo yekurwisana nezvakaipa zveseHare-

Paunotarisa mamiriro ezvinhu usina Kristu unotambudzika nekuwanda kuri kuita matambudziko akasiyana uye nekutekeshera kwaita huipi pasi rese. Isha Jesu vakati, "Mandiri munerugare, saka pembererai." Ndiro shoko ravarikukupapa nhasi, nekuti hapana chinhu pasi rese chinokwanisa kukutsitsirira.

Ukararama hupenyu husingatongwe nemamiriro anenge akaita hupfumi munyika unobudirira. Runyararo rwakaperera nekupfuma zvinowanikwa muna Kristu. Chitanga kutaura rugare nebudiriro pamusoro pehupenyu hwako. Zvitaure pamusoro penzvimbo yaunogara uye nepamusoro penyika. Gara muna Kristu nekuti maari ndimo mawakakunda Satani, nyika nehurongwa hwayo uhwo hwave kuputsika.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Kunyangwe zvinhu zvirikuwondomoka pasi rese – hazvindi-hundutse. Ndinofamba, nekurarama munaKristu! Ndakaropafadzwa zvakadarikidza uye semazuva angu ese nhasi zuva richange riine zvinoshamisa zvichaitika kwandiri. Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 Johane 4:4

**Zvirevo 3:7-8**

**Usazviti ndakachenjera itya Jehovha ubve panezvakaipa. Zvichava mushonga womuviri wako nomwongo wamapfupa ako.**

Ndiyaniko aimboziva kuti kutya kunounza hutano hwakanaka? Kana maKristu akawanda kanzwa vara rekuti kutya vanobva vafunga pamusoro pezvisina kunaka. Vara rekuti itya ririkushandiswa muvhesi redu ranhasi rinonzi 'Yare'; uye rinoreva kuremekedza. Kutya kwakanaka sezvo kuchipa Mwari rukudzo rwepamusoro.

Uyo anoziva kukudza ndiye anoziva pfungwa dzaMwari Uye uyo anoziva pfungwa dzaMwari anokwanisawo kuudza Mwari zvekuita! Mwari vakati, "Ndini Ishe ... that confirmeth the word

of His servant, and performeth the counsel of His messengers" (MuProfita Isaya 44:26). Ukashandisa mutemo wekutya Mwari zvaunotaura zvese zvinotsigirwa naMwari!

Kutya ndochimwe chezvikanu zvirimomune zvakadzika zvaMwari. Uye kuchaita kuti usarudze zvinodiwa naMwari, kwete zvaunoda iwe. Dzidzira kutevedzera kuparukudzo kunaMwari, kuvatya sekutaura kwataita! Mazwi aunotaura ngaavemashoma. Kana uchida kunzwa zvakanakanda kubva kuna Mwari nekushandiswa kuti uite mabasa makuru avo, itya Mwari!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinoremekedza Mwari wandinoshumira. Saka vanotsigira vara rega rega randinotaura. Handikonewe nhasi kana chero nguva nezita guru raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Zvirevo 9:10

**Mapisarema 86:11**

**Ndidzidziseyi nzira yenyu Jehovha ndichafamba muzvokwadi yenyu; Batanidzai moyo wangu kuyi nditye zita renyu.**

TKune maKristu akawanda anedambudziko rekunamata zvisirizvo. Vamwe vanopedza maawa akawanda vachinamata, asi vanenge vachitaura zvisirizvo vozoshama kuti sei zvinhu zvisirikuvashandira muhupenyu hwavo. Rangarira kuti hazvinei nekuti wanamata kwenguva yakareba zvakadzi asi kuti wagona here kunamata kwacho.

Saka munhu anonamata sei, kana tichitarisa vhesi redu ranhasi? Dhavhidhi akati 'batanidzai' mwoya wangu, uye izvi zvinokuba zano rekuti tinonamata sei minamato inonzwikwa naMwari.

Paunenge wavekunyengetera, isapfungwa dzako dzese kunaJehovha uye unyengetere nekunzwisisa kuti unenge uchitii. Vamwe vanhu vanonyengeterera zvinhu zvakanamata asi vokanganwa zvavanenge vataura. Saka kana uchikanganwa zvaunenge wanyengeterera, unoziva sei Mwari pavanokupindura? Saka mweya wako unofanira kunge wakabatana, wonyatsotarisa pane chaurikuda kuona Mwari vachikuitira.

Saka batanidza mweya wako wobvisa zvese zvingakukanganise. Nyora minyengetero yako pasi, wofungapamusoro pemavhesi anoenderana nezvaurikunyengetera, wotarisa kuona mhinduro,ndiko kunamata mweya wakabatana. Paunenge wapedza kunyengetera, pemberera wopambiri kuna Mwari uchiziva kuti zvaita.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Mweya wangu wabatana uyendirikunyatsoona zvandirikuda, apo ndirikutema chirevo nechitsidzo chekuti ndirikubudirira nhasi, svondo rino, mwedzi uno uye gore rino nezita raJesu! Ameni.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Marko 11:24



**VaFiripi 2:7**

**Asi wakazviita usinamature akazvitore-ra chimiro chomuranda akaitwa nomufananidzo womunhu:**

Mazuva ano tirikungonzwa kuti mbiri yako kuti uri ani, unozivikanwa nani uye nezvei, ndizvo zvakakosha pamararamiro. Unogona kuwana dhiri rebhizimusi kana kuita hoche koche nevamwe kuburikidza nechizivano. Vanhu vanotogona kubhadhara mari yavanenge vasina kuitira kuti vazivikanwe kana kuchengetedza mbiri yavo.

Muvhesi redu ranhasi, tiri kuudzwa kuti muenzaniso wedu Ishe Jesu vakazvinipisa uye kuti Havana kuda kuva munhu anembiri. Havasi vanhu vakamuita munhuwo zvake asina chimiro kuburikidza nekutaura kwavo kwete iye ndi-

ye akazvinipisa akazviita asina mbiri. Ndiye akaita sarudzo yacho. Akange achida kuzadzikisa kuda kwababa kwete kufadza vakange vakamukomberedza –akange aine chimiro chakanaka.

Rega kuva nembiri seMuKristu. Usachengetedze mbiri inoita kuti unge urimunhu akanaka mumeso everuzhinji asi hukama hwako naMwari hwakaipa. Vanhu vanenge vachikupa mbiri asi Mwari anoda kuiti unge uine chinangwa chaunochengetedza wozadzikisa. Chakakosha chete ndechekuti Mwari vazive mwoyo wako. Saka, shanda pahukama hwa-ko naBaba vako vekudenga, uye unokwanisa kutanga nhasi kuzviita. –unogona kuva nehushamwari hwakadzika naMwari nekuti kuva kwako nechimiro chakanaka navo ndikokune basa!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakaropafadzwa nekuti ndinechimiro chakanaka mumaziso aMwari vangu. Ndichashumira muhushe hwaMwari ndiine chinangechinangwa uye ndirikuzvigadzirisira kubvira nhasi nezita guru raJesu.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaGaratiya 1:10

# MAGWARO EVHANGERI EKUDZIVIRIRA

## ISAYA 54.

NDICHASIMBISWA MUKURURAMA  
NDICHAVA KURE NEKUMANIKIDZWA  
HANDINGATYI UYE NDIRIKURE  
NEZVINOTYISA

PAKAITA ANONDIRWISA,  
HANDITOMBOFUNGA KUTI VATUMWA  
NAMWARI, UYE KANA VAKANDIRWISA  
NDINOKUNDA

MWARI AKASIKA MUPFUURI  
ANOPFUTIDZA MAZIMBE MUMOTO  
NOKUITA NHUMBI YEBASA RAKE  
NDIYE AKASIKA MUPARADZI KUTI  
APARADZE

HAKUNA NHUMBI YOKURWA  
INOPFURWA KUZORWA NENI,  
ANONDIPAOMERA MHOSVA ACHANZI  
MUNYEPI. NDIRIMURANDA WAMWARI  
UYE MWARI VANOITA KUTI ZVINHU  
ZVESE ZVINDISHANDIRE  
MUNEZVAKANAKA

NDIZVO ZVINOTAURWA NAMWARI KWANDIRI  
UYE HAZVIRAMBE KUBUDIRIRA NEZITA RAJESU!

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH



## **WAKATAMBIRA JESU KRISTU SATENZI?**

CONVIDAMOS VOCÊ A FAZER JESUS CRISTO  
O SENHOR DA SUA VIDA FAZENDO ESTA ORAÇÃO;

“Ó SENHOR DEUS, VENHO A TI EM NOME DE JESUS CRISTO. CREIO DE TODO O MEU CORAÇÃO EM JESUS CRISTO, FILHO DO DEUS VIVO. CREIO QUE ELE MORREU POR MIM E DEUS O RESSUSCITOU DOS MORTOS. CREIO QUE ELE ESTA VIVO HOJE CONFESSO COM A BOCA QUE JESUS CRISTO É O SENHOR DA MINHA VIDA A PARTIR DE HOJE. POR ELE E EM SEU NOME, TENHO A VIDA ETERNA, SOU NASCIDO DE NOVO. OBRIGADO SENHOR POR SALVAR A MINHA ALMA! AGORA EU SOU UM FILHO DE DEUS. ALELUIA!”

PARABENS! AGORA VOCE É UM FILHO DE DEUS.

---

TO RECEIVE MORE INFORMATION ON HOW YOU CAN GROW AS  
A CHRISTIAN PLEASE GET IN TOUCH WITH US ON:

UK: +44 3333 448 612

USA +1 240 781 6942

RSA +27 51 004 0209



Become a

# GoodNews

DAILY

PARTNER



PARTNER NOW AND HELP SPREAD  
THE **GOODNEWS** AROUND THE WORLD

VISIT [www.goodnewsworld.com/gndpartner](http://www.goodnewsworld.com/gndpartner)



**TheGoodNewsWorld Helplines**

**USA: +1 (240) 781-6942**

**UK: +44 333 344 8612**

**RSA: +27 (51) 004-0209**

[www.goodnewsworld.com](http://www.goodnewsworld.com)